Урысей Федерацэм и Президентыр махуи 5 дэкIмэ хахынущ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№35 (23.693) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 13, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Волонтёрхэм ядэIэпыкъунымкIэ центр

Дызэрыщыгъуазэщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, дызэрыт гъэр Волонтёрхэм я илъэсу ягъэуващ. Абы хиубыдэу иджыблагъэ КъБКъУ-м къыщызэIуахащ а зэщIэхъееныгъэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ икIи зегъэужьынымкIэ щIыналъэ центр. Абы теухуа Iэхум кърихьэлIахэм ирагъэлъэгъуащ «Волонтёр зэщIэхъееныгъэм КъБР-м и щIыналъэм зэрызыщиужь щIыкIэр» выставкэр. А зэщIэхъееныгъэм КъБР-м и щIалэгъуалэм ящыщу мини 10-м нэблагъэ хэтщ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

Сабий нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ сом мелуан 500

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр зэкIуалIэ Iуэхущ Iанэм зегъэужьынымкI, мазитIым щегъэжьауэ илъэсищым нэс зи ныбжьхэр зэкIуалIэ гупхэр нэхъыбэ щIыным 2018 - 2019 гъэхэм трагъэкIуэдэн папщIэ, Урысейм и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий и унафэкIэ федеральнэ бюджетым и ахъшэу КъБР-м сом мелуан 500 къыхуатIыпщащ. А ахъшэм и хьэкъкIэ сабий яслъэхэм екIуалIэхэм я бжыгъэр 800-кIэ нэхъыбэ ящыфынущ.

Илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэси 7-м нэс зи ныбжь сабийуэ республикэм ис псори сабий садхэмкIэ къызэгъэпэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Лъэпкъ Iуэху

Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

Адыгэбзэм махуэ псори ей пэтми, ди бзэми махуэ хэха иIэу гъатхэпэм и 14-м догъэлъапIэ нэхъ лейуэ. Махуэшхуэр зытеухуар 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м Тифлис къалэм ягъэрей адыгэ Хъэрфыльэ къыздэрыщыдзкIарщ. Ар Iэдакъэщ Iэкъыр Бырсей Умарт, хъэрыпт тхыбзэмкIэ зэхэгъэуват.

ДэтхэнэкIи зы лъэпкъ тхыбзэми езым и тхыдэ иIэжщ, абы и зэхэлъхьэным зэманышхуэ щытекIуади щыIэщ, лъэпкъым и бын пэрыт куэд абы телажьэуи щытщ. Лъэпкъ тхыдэр къежьэныр а лъэпкъым и инагъ-цIыкIуагъми, зыхэт социальнэ стройми, цIыхухэм яку дэль зэхущытыкIэми епхакъым. Ар нэхъыщхьэу зи фIыгъэр езы лъэпкъым и зэхэщIыкIым и зыужьныныгъэрщ, нэгъуэщI лъэпкъхэм абы яхуиIэ пыщIэныгъэрщ.

Адыгэ тхыбзэм тхыдэшхуэ иIэщ. Тхыдэм елэжь щIэныгъэлIэхэм къыздэрахутамкIэ, адыгэхэм зэман жыжьхэхэм, Синд хэрахьалIгуэм и лъэхъэнэхэм, зэрагъэпэщыжауэ, хэкурысхэм къагъэсэбэпу тхыбзэ яIащ. Абы щыхьэт техьуэ сын, хьэпшып, ятIагъуэм къыхащIыкIа пхъэбгъуэ гъэщIэгъуэнхэр ди зэманым къэсащ. Абыхэм ятеухуа щIэныгъэ лэжьыгъэхэр еджагъашхуэ зыбжанэмэ къыдагъэкIащ.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэхэр зэман кIыхькIэ хэтащ зауэ-банэ мыуохыжым. А зауэхэм я зэранкIэ яIэщIэхужащ тхыбзэ яIари. Я псэр къызэрелынмрэ я лъэпкъыр хэмыкIуэдэжынэу къызэрызэтрагъэнэнымрэ нэмыщI, тхыбзэ я Iуэхужакъым адыгэхэм.

Сыт хуэдэ бэлыхьым хэмытами, 19-нэ лIэщIыгъуэм адыгэхэм я зэхэщIыкI-гупсысэм хэпщIыкIыу зеужь. Абы и щыхьэтщ а зэманым еджапIэ зыбжанэ къызэрызэIуахыр, тхыбзэ зэхэлъхьэным зэрымыщIэххэу цIыху зыбжанэ зэреувалIэр. Алыфбейхэр зэрагъэпэщ Нэгумэ Шорэ, Хъан-Джэрий сымэ.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2018 гъэм гъатхэпэм и 20-м екIуэкIынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iанэ.

Ансамбль цIэрыIуэр цIыхубзхэм йохъуэхъу

Къэрал Музыкэ театрым гъатхэпэм и 7-м концерт гукъинэж щитащ УФ-м и Лъэпкъ гвардием дзэ уэрэдымрэ къафэмкIэ и академическэ ансамбль цIэрыIуэм. ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмрэ гупыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 45-рэ зэрырикъумрэ ятеухуауэ щытащ ар.

ТЕАТРЫМ и пэIущIэ пэшым лъэпкъ фащэр зыщыгъ щIалэхэр пшыхьым кьеIуэлIа бзылъхугъэхэм удз гъэгъахэмкIэ щахуэупсащ. Абдеж щагъэлъэгъуащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщу Кавказым ис, лъэпкъ фащэ дахэхэр зыщыгъ бзылъхугъэ лъагъуГуафIэхэм я сурэтхэр.

Концертым зыкъраГъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхуху эмкIэ и министр **Емуэ Нинэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Кьардэн Мурат**, республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщагъуэ **Уянаевэ Аминат** сымэ, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** кьрихьэлIахэм кьахуеджащ республикэм и Iэтащхьэм бзылъхугъэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхъуэм икIи а тхыгъэр ириташ КъБР-м и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Къаскъул Аулият.

УФ-м и Лъэпкъ гвардием дзэ уэрэдымрэ къафэмкIэ и академическэ ансамблыр къэралым щынэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Ар 1973 гъэм япэу къызэрагъэпэща профессиональнэ къэрал кIуэцI дзэ гупщ. 1985 гъэм къыщыщIидзауэ абы и унафэщIщ УФ-м и цIыхубэ артист, Чайковский Пётр и цIэр зезыхьэ къэрал консерваторэм и профессор, генерал-майор Елисеев Виктор.

Зи репертуарым уэрэд 1000-м щIигъу хэт ансамблым концертым хьихьэу игъэзэщIащ дзэ-хэкупсэ, урыс цIыхубэ, совет зэманым щIэупщIэ зиIа, иджырей уэрэд цIэрыIуэхэр. Гупым и балет труппэм хэтхэм ягъэзэщIащ къафэ щIэщыгъуэхэр.

Республикэм исхэр ансамблым, сыт щыгъуи хуэдэу, гуапэу Iущ Iащ икIи Iэгуауэ ин хуаIэтащ. Гупым игъэзэщIа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ кьрихьэлIахэм ягу дыхьащ икIи ахэр гукъинэж зэращыхъунум шэч кьытетхъэркъым.

Ансамблым и художественнэ унафэщI **Елисеев Виктор**, балетым и артистхэ **Зайцевэ Екатеринэ**, уэрэджыIакIуэ **Кохов Александр** сымэ хуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» щIэр. Елисеев Виктор щIыхубзхэм ехъуэхъуащ узынщагъэ, гуфIэгъуэ, лъагъуныгъэ яIэну икIи фIыщIэ яхуищIащ республикэм и унафэщIхэмрэ абы исхэмрэ гулъытэрэ пщIэрэ къызэрыхуащ, гуапэу зэрырагъэблагъэм папщIэ.

КъыхэгъэщIипхъэщ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм ящыщу Мэхъэчкъалэ, Грознэ, Магас, Псыхуабэ, Ставрополь, Владикавказ, Дон Іус Ростов, Краснодар кьалэхэми ансамблым ехьуIэныгъэхэр иIэу концертхэр зэрырщитар.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ПэкIуэхэр

Лъэпкъым и гуауэр ящыгъупщэркъым

Илъэс 74-кIэ уэрэбэкIыжмэ, 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым залымыгъэкIэ ирашри. Азие Курытымрэ Къэзахстанымрэ ягъэIэпхъуащ балъкъэр щIэныгъэ залымыгъэкIэ ирашри. Я хэкум зэрырагъэIэпхъуакIам и зэран зэкIа балъкъэрхэм я фэеплъым деж гъатхэпэм и 8-м пэкIу щекIуэкIащ.

ЗэХЫХЬэМ и пэ кьихуэу, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и артистхэмрэ «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие къэрал ансамблым и къэфакIуэхэмрэ феплъым и утыкум деж жыгыщIэ щагъэтIысащ, балъкъэрхэм я хэкум къызэрагъэзэжам, абыхэм зэрызаужым и дамыгъэу.

ПэкIум хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Жылагъуэ паратэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмал**, урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI **Канунников Анатолий**, республикэм и жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIыгъэхэр, нэгъуэщIхэри.

- Илъэс 74-рэ и пэкIэ зи щIыналъэм залымыгъэкIэ ираша балъкъэр лъэпкъыр илъэс пщыкIущым кьриубыдэу зыхэта гугъуехьэмрэ насыпыншагъэмрэ къызэфIагъэщIакъым, - къыхигъэщащ Аттаев Жамал.

- 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м сыхьэтитIым кьриубыдэу балъкъэрхэр я щIыналъэм ирашащ. Къытепсыха гуауэшхуэр къызэзынэкIыфа балъкъэрхэр пIалъэ кIэщIым кьриубыдэу Урысейм и лъэпкъ нэхъ лъэрызезехьэхэм икIи зызыужьхэм ящыщ зэрыхъуар умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. 1957 гъэм балъкъэрхэм я хэкум кьагъэзэжыну хуит ящIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэ къэс гъатхэпэм и 28-м щагъэлъапIэ Балъкъэрхэм я къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэр, - жиIащ Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и МусЛыымэнхэм я дин Iуэхущ Iанэм и лIыкIуэхэу **Сыжажэ Алимрэ Мисиров Хъызырэ** къызэхуэсахэр тхьэ ирагъэлъэIуащ политикэ залымыгъэм и зэранкIэ хэкIуэдахэм папщIэ. Апхуэдэхэщ Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ иса цIыху мин 800-р - кьалмыкъхэр, кьэрэшейхэр, шэшэнхэр, ингушхэр, балъкъэрхэр, тырку-месхетинхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэр.

ПэкIум зыкърезыгъэхьэлIахэм фэеплъымрэ балъкъэр усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Мечиев Кязим и кхъащхьэмрэ удз гъэгъахэр траугъэщащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

ПщIэ лъагэ

● ЩIэныгъэ

Ди республикэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ иджыблагъэ щыIащ КъБКъУ-м и Попечительскэ советым хэт, РАН-м и академик, РАН-м Температурэ лъагэхэмкIэ и институт зэгуэтым и унафэщI, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Фортов Владимир. Университетым и пресс-Iэнатlэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, абы къызэхикIуэхащ ди щIыналъэм и еджапIэхэр.

КъБКъУ-м и ректор **Альтуд Юрийрэ** абы и президент **Къарэмырзэ Барэсбийрэ** и гъусэу Фортовыр щыIащ «ДыгъафIэ къалэм». ХьэщIэ лъапIэр щыгъуазэ хуащIащ сабий академием и лэжьэкIэм, абы щыIэ творческэ лабораторэхэр зригъэлъэгъуащ, еджапIэм адэкIэ зэрызиужьынури зригъэщIащ. Фортовыр хуэзащ академием и егъэджакIуэхэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ. Академик цIэрыIуэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ физикэм и къэхутэныгъэщIэхэм, апхуэдэуи ехъуэхъуащ я мурадэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ къайхъулIэну.

Университетым щекIуэкIа зэIущIэм хэту, Фортовыр егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ лекцэ къахуеджащ, видео хьэлэмэтхэри яригъэлъэгъуащ зи пашэ институтым и лабораторэхэм щекIуэкI къэхутэныгъэхэм ятеухуауэ. А псори хуабжьу яфIэхьэлэмэтащ егъэджакIуэхэми щIалэгъуалэми.

Ди университетым къыхуищI гулъытэщхьэм папщIэ, академик цIэрыIуэм фIыщIэ ин хуищIа нэужь, Алтуд Юрий жиIащ Фортовым «КъБКъУ-м щIыхь зиIэ и профессор» цIэ лъапIэр зэрыфIащар, абы щыхьэт техьуэ тхылъи иритащ. ХьэщIэм гуапэ щыхуащ апхуэдэ гупытэр икIи жиIащ РАН-м и институтымрэ университетымрэ зэрызэдзлажьэм адэкIи зиужьын папщIэ, лъэкI псори зэрищIэнур.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 13, *гъубж*

♦Планетарийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Таиландым щыпсэу пылхэм я махуэщ

♦Къалмыкъ усыгъэм и махуэщ

♦1733 гъэм франджы литературэм и классик Аиссе (ХьэIишэт) дунейм ехьжащ.

♦1781 гъэм Гершель Уильям Ураныр къызэIуихащ.

♦1869 гъэм Менделеев Дмитрий химием и элементхэм я таблицэр зэхэлъхьэн иухащ.

♦1881 гъэм ягъкIащ урысей император Александр II.

♦1917 гъэм «Известия» газетым и япэ номерыр къыдэкIащ.

♦1938 гъэм урысибзэр СССР-м и школ псоми Iэмал имыIэу щаджын хуей предметыр ягъэуващ.

♦1954 гъэм ШынагъуэншагъэмкIэ Къэрал Комитет (КГБ) къызэрагъэпэщащ.

♦1989 гъэм «Дунейпсо хъыкIэ» зэдзэр - Интернетыр - къагупсысащ. Инджылыз щIэныгъэлI Бернерс-Ли Тимрэ и лэжьэгъуэхэмрэ я Iэдакъэщ Iэкlыр къыщамыгъэсэбэп щIыпIэ ди зэманым къэгъуэтыгъуейщ.

♦Композитор, УФ-ми КъБР-ми гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шейблер Трувор** къызэралъхурэ ильэси 118-рэ ирокъу.

♦СССР-мрэ УФ-мрэ я гимнхэм я псалъэхэр зытха, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и цIэр зезыхьэ, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Михалков Сергей** къызэралъхурэ ильэси 105-рэ ирокъу.

♦Къалмыкъым и цIыхубэ усакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Кугультинов Давид** къызэралъхурэ ильэс 96-рэ ирокъу.

♦УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шумахуэ Владимир** и ныбжьыр ильэс 79-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и метролог, КъБР-м промышленностымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Юрий** и ныбжьыр ильэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Алфёровэ Иринэ** и ныбжьыр ильэс 67-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, социологием и доктор, профессор, ЩIДАА-м, Социальнэ щIэныгъэхэмкIэ академием я академик, АКъУ-м и ректор **Хъунэгу Рашид** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

♦Медициндж щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Iэрэмысэ Ринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 3, жэщым щIыIэр градуси 2 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 14, *бзэрэжьей*

♦Псыежэхэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Пи бжыгъэм и дунейпсо махуэщ

♦Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

♦Эстониемрэ щагъэлъапIэ я анэдэлъхубзэм и махуэр

♦1730 гъэм Санкт-Петербург къалэм и гербыр къащтащ.

♦1853 гъэм адыгэбзэкIэ къыдэкIащ Бырсей Умар и «Адыгэ псалъалъэр».

♦1990 гъэм Горбачев Михаил СССР-м и япэ Президенту хахащ.

♦1995 гъэм Налшык экономико-правовой лицей къыщызэIуахащ.

♦2004 гъэм Урысей Федерацэм президент хэхыныгъэкIэ щекIуэкIащ. ЕтIуанэ пIалъэми а къулыкъым тетыну дзыхь хуащIри, Путин Владимир Президенту хахыжащ.

♦Австриемрэ щыщ композитор цIэрыIуэ, дирижёр **Штраус Иоганн** къызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Нэмыцэ физик щэджащэ, Нобель саугъэтыр 1921 гъэм зыхуагъэфэща **Эйнштейн Альберт** къызэралъхурэ ильэси 139-рэ ирокъу.

♦Абхъаз тхакIуэ, Куржымрэ Абхъазымрэ гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Гулиа Георгий** къызэралъхурэ ильэси 105-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, литературовед, критик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Хьэмид** и ныбжьыр ильэс 81-рэ ирокъу.

♦Япониемрэ щыщ актрисэ, ЮНЕСКО-м сабийхэм я Iуэхухэмкlэ и чэнджэщагъуэ **Курихарэ Комаки** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущIэ, КъШР-м и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид** и ныбжьыр ильэс 42-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 4, жэщым 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬэКIэМЫХъУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Жаlар жыпIэжмэ, бзэгузэхьэ уохъу.

Илъэс 50 гъуэгуанэ зэпыча

Къалэн нэхъыщхьэ

Налшык дэт Музыкэ театрыр 1968 гъэм щIышылэм и 27-м Коган Лев и «Iэминат» балетымкIэ (либреттэр Проценкэ Александр ейт) къызэIуахащ. Ауэ абы и пэ къихуэу КъБАССР-м и цIыхубэ артист, Таджик Республикэм гъуэгуанэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Проценкэ Александр Къэбэрдей-Балъкъэр культпросветучилищэм и хореографие щудэжьэным щеджэхэр хэту къызэригъэпэща балет труппэм игъэуват лэжьыгъэ зыбжанэ. Ахэр Щоджэнцыкыу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и утыкум ехъулIэныгъэшхуэ яIэу щагъэлъэгъуа балетхэращ: Коган Лев - «Лалуцэ», «Дахэнагъуэ», Асафьев Борис - «Бахчисарайский фонтан», Чайковский Пётр - «Лебединое озеро». Дирижёрыр Шахгалдян Артемийрэ Щербаков Иванрэт.

ЗИ ЦIэ къитIуа дэтхэнэ зы лэжьыгъэри гулъытэ лей зыхъущIыхьэт, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иджы япэу зыщыпащыт зрагъэужьын папщIэ. Псалъэм щхьэкIэ, «Дахэнагъуэ» балетым щхьэкIэ «Советская музыка» журналым итхыгъащ мыпхуэдэу: «Дахэнагъуэр», партитурэ къудей мыхъуу, балет спектаклу зэрагъэлъэгъуар зи екъулIэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэкъым. Ар щыхьэт тохъуэ псалъэкIэ балет театрым Кавказ Ищхьэрэм лъабжьэ быдэ зэрыщIгъуэтам».

Кавказ Ищхьэрэм япэ дыдэу Музыкэ театр къыщыщIэзIуахар Налшык къалэр зэрыарамкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъ а зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщIу щытахэм. Ар икъукIэ лэжьыгъэшхуэт. Хъуэныгъэр пщIыкIэ зэрызэфIэмыкIыр, Iуэхущапэм щы-лэжьэфын Iэщ Iагъэпэхэр уиIэн зэрыхуейри фIыуэ къагурыIуэрт абы-хэм. Аращ, Музыкэ театрыр ямыух щIыкIэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Ефэнды Джылахъстэн къызэригъэпэща комиссэм зэчий зиIэ щIалэрэуалэр къыхихыу Москва дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIагъэкIуар. Къапщтэмэ, ГИТИС-р къэзыухахэм къыздашэжа «Севастопольский вальс» опереттэр япэу игъэпсыгъуэри, 1969 гъэм и фокIадэ мазэм Музыкэ театрым и гуащIэр ирикъуу лэжьэн щIидзауэ щытащ. Хъэм-хуэмурэ ди къэралым и хьалэ зэхуэмыдэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэр къэзыухахэр къызэхуосыж, Музыкэ театрым и труппэм зеузэщI, дунейпсо макъамэ классикэм и хъугъуэфIыгъуэхэм зэрызрипщытыфын зэфIэкI иIэ мэхъу. ЯтIэ ильэсхэм яхуэзэфIэкIа лэжьыгъэшхуэхэм ящыщу, псалъэм папщIэ, Бизе Ж. и «Искатели жемчуга», «Кармен», Мейтус Ю. и «Молодая гвардия», Верди Дж. и «Риголетто», «Травиата», Рахманинов С. и «Алеко», Чайковский П. и «Евгений Онегин» оперэхэр, Адан А. и «Жизель», Минкус М. и «Дон Кихот», Караев К. и «Тропою грома», Пуни Ц. и «Эсмеральда», Кажлаев М. и «Горянка», Баласанян С. и «Гейли и Меджнун», Бизе-Щедрин и «Кармен-сюита», Габичвадзе и «Медея» балет спектаклэхэр, нэгъуэщIхэри.

Илъэс 50-м щIигъу гъэзэгуанэм кьызэщIеубыдэ цIыхубэм ирагъэлъэгъуа опереттэу, музыкэ комедиеу, мюзиклу куэд дыдэ. Ахэр: Штраус И. и «Цыганский барон», Кальман И. и «Цыган-премьер», «Фиалка Монмартра», «Сильва», «Мистер Икс», «Марица», Модуньо Д. и «Черный дракон», Дунаевский И. и «Вольный ветер», Александров Б. и «Свадьба в Малиновке», Стрельников Н. и «Холопка», Самойлов М. и «Похождение Дон Жуана», Лоу Ф. и «Моя прекрасная леди», Легар Ф. и «Веселая вдова», «Цыганская любовь», Птичкин Е. и «Бабий бунт», Гаджиев Р. и «Кавказская племянница», нэгъуэщI куэди.

Театрым зэи гупытэнэщIу къигъэнэркъым ныбжьыщIэхэр, абыхэм щIэдзанIэфI яхуэхъун спектаклхэр мымащIэу ягъэув. Апхуэдэхэщ зи бжыгъэр 40-м щIигъу макъамэ псысэхэмрэ балет спектаклхэмрэ. Абыхэм щыщщ Гладков и «Бременские музыканты», Дружинин и «Буратино», Спадавекки и «Золушка», Березин и «Кот в сапогах», Баневич и «Остров сокровищ», Улановский и «Золотой цыплёнок», Кьардэн Хьэсэн и «Мыща и къуэ Батыр» псысхэр, «Доктор Айболит», «Муха-Цокотуха», «Кошкин дом», «Снежная королева» балетыурыхьэхэр. Абыхэм кьадэкIуэу Музыкэ театрым илъэс кьэс ехъэхьэзыр Илъэсыщ1э зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр, школакIуэ ныбжьыщIхэмрэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ я нэгу зрагъэужьу.

Псом хуэмыдэу къыхэгъэщIыпхъэщ Музыкэ театрыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ макъамэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэхэзыщI Iуэхущапэу зэрыщытыр. Абы и солистхэр республикэм и уэрэджыIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Зэман зэхуэмыдэхэм театрым и утыкур зыгъэзбжьыфIахэщ Сыбэч Хьэчим, Урыс Iэмырбий, Лукьяновэ Людмилэ, Жылокъуэ Мухьэмэдин, Бэрэгъун Владимир, Къуэдзокъуэ Людмилэ, Щоджен Еленэ, Бэгъуэтыж Светланэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Нобэ абы и артистхэщ IэщIагъэлI нэсхэу Мэкъуауэ Хьэсэн, Таукеновэ Галинэ, Наршаовэ Шахэдат, Ерчэн Ларисэ, Бесчокъуэ Майе, ЩэджыкъэщIэ Асльэнбий, Дау Марианнэ, Хьупсырджэн Албэч, Кьалэбэч Ириней, Къуийцыкку Валерий, Шэрджэс Iасият, Ташло Алий, Къумыкъу Мухьэдин, Кьардэн Радик, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ, Морозовэ Наталье, Сивцовэ Маринэ, Абэнокъуэ Рустам, Гергокаевэ Хьэлимэт, Гуртуевэ Лейлэ, нэгъуэщIхэри. Нэгум кьыщIэгъэхьэгъуейщ Музыкэ театрым и артистхэр зыхэмыт гуфIэгъуэ зэIущIэ.

Театрыр ядолажьэ ди композиторхэм. Ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ иIэт Щоджэнцыкку Алий и «Мадинэ» поэмэмкIэ (либреттэр Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр ейщ) Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ зэдатха «Мадинэ» япэ адыгэ оперэр зэрагъэувам. Музыкэ театрыр я Урысейпсо епIыныгъэ 1970 гъэм екIуэкIам япэ нагъыщ1э зиIэ и дипломыр а лэжьыгъэм кьыхуагъэфащауэ щытащ. Балъкъэр усакIуэ цIэрыIуэ Эмкаулов Танзиля и либреттэмкIэ 1985 гъэм ягъэувауэ щытащ Чайковский Петр и «Верность» оперэр. КъыкIэлъыкIуащ Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ» оперэр (1991 гъэ). ИужькIэ утыку кьрахьащ Молэ Владимир и «Легенда гор», Дружининымрэ Жеттеев Мустафиррэ зэдатха «Легенда Чегемского водопада» балетхэр, Балэ Мухьэдин и «Шэмхъуи и фызышэ» япэ адыгэ музыкэ комедиер, Молэ Владимир и «Обманутые женихи», Жырыкъ Заур и «Тайна сердца» музыкэ комедиехэр, Двоскин и «Похищенный джигит» лэжьыгъэр, нэгъуэщIхэри.

Спектаклхэр Музыкэ театрым щыгъэувыным гуащIафIэу елэжьащ режиссёрхэу УФ-м и цIыхубэ артистхэу Хмельницкий Юлий1э Ерэзн Леонидрэ, УФ-м гъуэдзжэмкIэ щыIэ зиIэ и лэжьакIуэ Теувэж Султан, Кузнецов Николай, СССР-м и цIыхубэ артист Ансимов Георгий, КъБР-м и цIыхубэ артист Шэрэпчъ Анатолэ, КъБР-м гъуэдзжэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Темрокъуэ Риммэ, Сафаровэ Тамарэ, нэгъуэщIхэри. Дирижёр кьалэн мытыншыр я пщэм дэльащ КъБР-м и цIыхубэ артист Шахгалдян Артемий, УФ-м щIыхь зиIэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбий, КъБР-м гъуэдзжэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Щербаков Иван, Поповэ Марие, Супер Анатолий, Хануков Сергей сымэ, нэгъуэщIхэми.

Утыкур зыхуэй хуэзауэ къызэгъэпэщ1ыным мыхьэнэщхуэ зэриIэм псори дыщIыгъуаз1эщ. Зэман зэхуэмыдэхэм абы елэжьащ театр художникэу УФ-м гъуэдзжэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мурзин М., Фаюткин И., Мальцов Сергей, Зэхъуэкъуэ Валерий, Щхьэцэ Владимир, Пщ1ихьащ1э Хьэсэнбий, Пащты Герман, иджыпсту Дзацырхъуэй Рузанна, Махиевэ Катеринэ, Жылэ Къантемыр сымэ. Балетмейстеру щыташ Таджик Республикэм гъуэдзжэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист Проценко Александр, Гъубжокъуэ Болэт, Абыдэ Арсен, Хьэкъуэ Роэз, Пащ1э Рамед, сымэ.

ЩХЬЭХУЭУ кьытеувыIапхъэщ Музыкэ театрыр Урысей Федерацэм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм зэрыщIам. Абыхэм зыкъыз1эрыщагъэльагъуэр сэбэпышхуэ хъурт я кьарур ягъэунэхунымкIэ, я зэфIэкIым хагъэхъуэныкIэ, гупыр зыхуэпабгъэ лъагаIэм пэгъунэгъу хъунымкIэ. Дэнэ лъэныкъуэкIэ ди артистхэм ямыгъэзам, щытхъур я куэдт, щIыналъэ газетхэмрэ журналхэмрэ гуапэу кьытетхыхьырт, телевиденэм фIыкIэ я гугъу ищIырт. Апхуэдэу Музыкэ театрыр щыIащ Ереван, Ростов, Харьков, Новочеркасск, Таганрог, Тернополь, Винница, Новгород, Псков, Тамбов, Липецк, Калугэ, Смоленск, Астрахань, Луганск, Армавир, Мейкьуапэ, Черкесск, Псыхуабэ, Владикавказ, нэгъуэщI кьалэхэми. Иджыпсту театрым зекIуэжэр зыкъэгъэпэщынымрэ тIэкIу нэхъ гугъуц1, ауэ ильэс кIуам грант къэтхьри, Адыгеймрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ дыкIуэн тхуэзфIэкIащ. Театрыр зэрыгушхуэ лэжьыгъэхэм ящыщщ Верди Дж. и «Риголетта», «Травиата», Рахманинов С. и «Алеко» оперэхэр, ди лъэпкъ оперэм и лъагаIэ нэхъ ин дыдэу къэплъытэ хъуну Молэ В. и «Къамботрэ Пацэрэ», Штраус И. и «Летучая мышь», «Цыганский барон», Кальман И. и «Мистер Икс», Александров Б. и «Свадьба в Малиновке» опереттэхэр, Гаджиев Р. и «Не прячь улыбку», Лукашев В. и «Моя жена - лгунья» музыкэ комедиехэр, Спадавекки и «Золушка», Гладков Г. и «Бременские музыканты», Савельев Б. и «Кот Леопольд», Дружинин В. и «Колобок», Сафаровэ Т. и «Музыкальное шоу-представление», «Космические пришельцы», «Поющие Джунгли», «Фабрика звезд в подводном царстве» макъамэ псысэхэр, Кулишев и «Кошкин дом» балет-спектаклыр.

Иужьрей зэманым Музыкэ театрым и режиссёрхэм ягъэуващ Сафаровэ Т. и «Сон принцессы», «Леди Сюр», «Шрек и Фиона» псысэхэр, Леонкавалло Р. и «Паяцы» оперэр (режиссёрыр Сафаровэ Тамарэщ), Кажлаев М. и «Валида» мюзиклыр, Думэн М. и «Хьэбалэрэ Хьэбашэрэ» макъамэ комедиер, Чайковский П. и «Иоланта» оперэр, Балэ М. и «Шамхьун и фызышэ» опереттэр (Дзбагъуэ Роман), «Колобок» (Къуныжь Алим), «Муха-Цокотуха» (Хьэкъуэ Розэрэ Кузнецов Юрийрэ), «Приключения Буратино» (Сапрыкинэ Галинэ) таурыхъхэр, Гъэт А. и «Гимн восходящему солнцу» балетыр (Пащ1э Рамед), нэгъуэщI куэди. Мы зэманым иолэжь Гаджибеков У. и «Аршин мал алан» спектаклым.

Илъэсипл1кIэ зыхуэй хуагъэзащ Музыкэ театрым и унэр. А зэманыр абы и лэжьыгъэм зэран зэрыхуэхъуам пцы хэлъхьыми, иджыпсту ди кьарур хуэнэтIащ дэ ящ1ыгъэзэкIуэкIыным, ди кьалэн нэхъыщхьэу кьэтIыльтэри Iуэхущ1апIэм и уэрэджы-IакIуэхэм, балет труппэм, хорым, оркестрым зэчий зиIэ щIалэгъуалэ къыхэзгъэнырц. Ди лэжьыгъэм кIэлъыплъхэм си гугъэщ а Iуэхум ехьэлIауэ ехьулIэныгъэ дызэриIэм гу лъатэу.

БЭРЭГЪУН Руслан,
Музыкэ театрым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

Музыкэ театрым и солистхэ Мэз (Пщыунэ) Джульеттэ иджыри сабийуэ и Iэщ1агъэр къыхихат.

ПЩАЩЗМ и гъащIэ гъэзэгур иубзыхуимкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ и адэ-анэр щэнхабзэм и дунейм зэрыщпэкIур. Абыхэм культпросветучилищэр кьаухат: Джульеттэ и анэ Мысостышхуэ Светланэ режиссёрэ едж ат, и адэ Iэниуар «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэт. Къищынэмыщ1ауэ, Iэниуар ди республикэм фIыуэ кьыщацIыхуэ сабий тхакIуэ хъарзынэщ.

- Артисту седжэну щытезхуэар езы дыдэм сщIэжыркъым, ар сыт щыгъуи кьызэдгъэзэгурыкIуа гупсысэщ, - жеIэ Джульеттэ. - Школ нэужым музыкэ училищэри Кавказ Ищхьэрэм ГъуэдзжэхэмкIэ и институтри къэзухат. Пэжу жысIэнщи, а Iэщ1агъэр къызэрыхэсхам си адэр щыгуфыкIатэкъым, артистыным гугъуехьу пылъыр ищIэрти, сыщихьумэну хуейт а псом. Ауэ сызыщIэхъуэпсыр къыщыгурыIуэм, къыспэрыуакъым. Езым зыкъызимыгъащIэми, иригушхуэу кьысщыхъурт утыку сызэриттыр щылъагъэкIэ. Театрым лэжьэн щыщIэздзам пащтыхьыпхъу, Золушкэ хуэдэ ролт нэхъыбэу зГъэзащIэр, ар зыуэ зэшыгъэущи, ныкъуасанигъэ зыхэмылъ лIыхъужьу ущытыныр. ИужькIэ уд фызыжьым, кикиморэм, угъурсызым я ролхэр кьэзатри «зыстIыжащ», си сымыцIыку хьэл, щытыкIэ сиувэн зэрыхуейм, ар кьызэрызэхъулIэм сэ зыкIэ хэуру ин кьыскхилъхьэрти!

- Сыт хуэдэ роль япэу бгъэзэщIа?

- «Летучая мышь» (Штраус Иоганн) опереттэм Адель и ролыр зэрыгъэзэщIат. Зэи сщыгъупщжьынкъым япэу утыку сыкъызэрыращауэ щытар, артистхэр гуапэу кьызэрыспежьар.

Театрым и псэр актёрхэращ. Актёрхэр зэрызэкъуэтым, зэрызэрыIуГъым куэд дыдэ елъытащ. Дяку кьаугъэ дэлъмэ, ар кьыдэлпъым зыхимыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Псалъэм папщIэ, сэ тхьэкIуэмэкIыхьу сыщыджэгу таурыхъым, бажэм и роли зыгъэзащIэр кьэмыкIуамэ, ролитIри сэ щызыгъэзащIэ кьоху. Апхуэдэуэр зым адрейм зыщIыдогъакъуэ.

- Пфlэфlу, фIыуэ плъагъуу бгъэзэщIа ролым и гугъу уэзгъэщIынут.

- Дэбагъуэ Роман игъуэва «Валида» музыкэ комедием (Кажлаев Мурад) Валида и ролыр щызгъэзащIат. Зыбжанэрэ фIэкIа зыкъэдмыгъэлъэгъуауэ, си лIыхъужьмэ зыщ1ымыгъэнщIауэ, ди театрыр зэрахьэну зэхуащIри, къэнэжащ. Пскъыкъэхэр дахэ дыдэу утыкум щагъэувауэ, дигу, дипсэ хьыхьэу дыхэтат абы. Ныбжьыщ1ахуэ зэрIэм емыльытатуэ, Кажлаевыр къакIуэри премьерэм щIэсауэ щытащ, хуабжьу игу ирихьауэ кIуэжат. ИужькIэ «Культура» телеканалым а композиторым теухуауэ игъэхъэзэра нэтыным ди деж щагъэува мюзиклым щыщ Iыхьэ хигъэхьауэ щытащ.

- Иджыпсту сыт хуэдэ ролхэр бгъэзащIэрэ?

- МузыкэмкIэ театрым хэхъуэ нэхъыбэу кьыхуэзэхьыр сабий спектаклхэращи, ахэращ мы зэманкIэ нэхъыбэу сыщыджэгур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди цIыхуэхэм оперэм и «Iэфыр» иджыри зыхащIэфакъым, абы кьыхэкIыу цIыхур нэхъ кьезышалIэ таурыхъэхэмрэ музыкэ комедиехэмрэ дгъэувын хуей мэхъу. Сафаровэ Тамарэ опереттэр, романс пшыхьхэр кьызэрегъэпэщри, пычыгъуэ кьыхэхахэр догъэльагъуэ.

- Артист Iэщ1агъэр кьызэрыхэпхам ущыхущIегъуэжа кьыпхуихуа?

- Хьэуэ. Сэ нэгъуэщI зыри кьыскэкIынутэкъым, а Iэщ1агъэращ нобэ флагъу Джульеттэ и хьэлыр, дуней еплъыкIэр зэфIэзыгъэувар. Артистыным кьищынэмыщ1а, нэгъуэщI «роль» мы Iэщ1эм щысхуэгъэзэщIэну кьыщIэкIынтэкъым.

- Ауэ щыхъукIи, анэм, щхьэгъуэсэм я ролри мыIейуэ кьохъулIэ. Уи унагъуэр дыбгъэщIхуамэ арат.

- Си щхьэгъусэр и Iэщ1агъэкIэ мыартистми, си лэжьыгъэ фIыуэ кьыгуроIуэ, сут хуэдэ Iэхури кьыздигъэпсынщIэ зэпытщ. Бынит диIэщ, щIалэ нэхъыжьыр медицинэ факультетым и ещанэ курсым щоджэ, хъыджэбзыр иджыри школакIуэщ.

- Артист Iэщ1агъэ мытынышу кьыхэзыхьыну мурад зыщ1ам сыт жеIэнт?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, артист ныбжьыщ1эхэм я нэхъыбэр хьэгъуэлIыгъуэ егъэкIуэкIыным дехьэх, профессиональнэ сценэмрэ абыхэр зэхбгъэзэрыхьынкIэ Iэмал иIэкъым. Сценэм хуэфащэ пщIэмрэ лъагъуныгъэмрэ щыбгъэмэщIамэ, и щIыб кьыпхуигъэзэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым, а Iэщ1агъэм ухуэпэжьи, ар кьызэрымыкIуэу фIыуэ плъагъун хуейщ зыгъэр кьохъулIэн папщIэ.

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж

Сэ срогушхуэ дунейм щыпсэу лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжу ди макъамэхэр дгъэIуну, ди бзэкIэ жытIэну, лэжьыгъэ гъуэзэджэхэр щыдгъэувыну Музыкэ театр дызэриIэм. Дэ дылъэпкъышхуэхъум, адыгэхэм нэхъри куэдкIэ нэхъыбэ хъухэми, щыналъэ нэхъ ин исхэми ящыщу ди театрым хуэдэ зимыIэхэр куэдыкIейщ. Иджыри зэ жызоIэри, си щхьэр лъагэу сегъэлъагъуж мы ди Iуэхущ1апIэ уардэм, абы сызэрыщыгъэжьэфын зэчий сызэриIэм сринасыпыфIэщ.

ДЭ ФIЫЩIЭШХУЭ хуэтщIу ди гум идгъэлъапхъэщ Ансимов Георгий, ди егъэджакIуэшхуэм. Аращ ди театрым япэ дыдэу щагъэльагъуа «Севастопольский вальс»-р» зи нэIэм щIэту ягъэувауэ щытар. ИужькIэ зэчий зиIэу кьызэжаныкI закъэтIакъуэр дыкъыхишурэ абы и классым дыщригъэджащ. Япэу абы иригъэджахэм щыщщ Мэкъуауэ Хьэсэн. ИужькIэ абы и классым сэ сыщIэсащ, сяужькIэ - Къумыкъу Мухьэдинрэ Бэлахъуэ Анитэрэ. Ар сигу нэхъри кьыщIэкIыжар мастер-классхэр димыIэу зэрымыхъунурц. Апхуэдэ цIыхухуэхэр кьытхэмыхьэмэ, ди зэфIэкIыр ямыгъэнэхумэ, дэри абыхэм дадэплъейуэ щIэ гуэрхэр кьэдмыщIэмэ, сыт хуэдэ щIэныгъэ, зэфIэкI димыIэми, дыщIэтIыскIыныщ. Зэман-зэманкIэрэ зэчийр «зэщIэгъэплъэн» хуейщ. Мис абы ехьэлIауэ Ансимовым хуабжьу лэжьыгъэшхуэ ищIащ.

Сыт и уасэт Мэкъуауэ Мулид, Пащ1э Ахьмэд, Дэбагъуэ Хьэсэн сыда я зэфIэкIыр театрым далъагъуну? Апхуэдэкъэ илъэс куэд хуэуауэ ди Iуэхущ1апIэм щылажьэ Белоцерковская Динэ, Морозовэ Наталье сымэ.

Театрыр зы Iэпкъльэпкъщ, зы ансамблиц. НэхъыфIщ, нэхъ Iейщ жьпIэу бгъэш хъунукъым. Шэм хэмылъэр адрейм хэлъу, зыязыIагъакъуэу зэдэлэжьэнэр театрым щIэлъ хабзэхэм ящыщ щыщ. Апхуэдэхэщ Бэгъуэтыж Светланэ, Бесчокъуэ Майе, Таукеновэ Галинэ, Кьалэбэч Ириней, Сидоренкэ Любэ, Асадулаевэ Любовь, Азэмэт Наталье, Шэрджэс Iасият, Нежинэ Маринэ, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ. ЦIыхухъухэм - Жылокъуэ Мухьэмэдин и гъуэгу зы мазэхэм театрым къэзыгъэзэжауэ щытащ. Къуспсырджэн Албэч, зэфIэкIышхуэ зиIэ Къуийцыкку Валерэ, дызэрыгушхуэ Батыр Мухьэдин. Тенор партиер Куэт Къанщобийрэ Щэджжьхьащ1э Асльэнбийрэ зэдгъэгушу илъэс куэдкIэ сценэм итащ, ИужькIэ а макъ лIэужьыгъуэр димыIэу Къумыкъу Мухьэдин къэкIуэжауэ щытащ. Спектаклхэм лIыхъужь нэхъыщхьэ ролыр нэхъ щызыгъэзащIэхэм ящыщщ Ташло Алий, сыт и лъэныкъэкIи зэфIэкI зиIэ, куэд дыдэкIэ дызыщыгугъ артистщ ар.

Кавказ Ищхьэрэм ГъуэдзжэхэмкIэ и кьэрал институтым солист кьыщIегъэкI, ауэ иужьрей илъэси 10-12-м уэрэджыIакIуэжу Нежинэ Маринэ, Кьардэн Радик, Гуаэз Тимур, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ сымэ фIэкIа кьыдимытами, а Iуэхущ1апIэм дыхуэзарэзыщ. ФIыкIэ дызыщIигугъ, куэд зыхуэзфIэкIыну щIалэгъуалэщ Гуртуевэ Лейлэ, Абэнокъуэхэ Рустамрэ Эльмирэрэ, Щоджэн Сэ1ихьэт, Гергокаевэ Хьэлимэт, Холамханов Къайсын, ЦокIыл Азэмэт, нэгъуэщIхэри.

Наршаовэ Шэхэдат, Ерчэн Ларисэ, Къуэдзокъуэ Людмилэ, Къуныжь Алим сымэ ягъэзащIэ «характернэ роль» жыхуэтIэхэр хэмыту зы спектакли зэчий щекIуэкIыркъым. Посми я щIэ кьыскIуэфакъым сэ, шэч хэмылъу, ауэ кьызхэзгъэщыну сызыхуейр зыщ: солистхэр цIыкIу 30-м нэс дохъури, псори фIыуэ дызохущытщ. Ди театрым щылажьэхэр зигури, зи псэри етауэ зи зэчийр лъэпкъым хуэзыгъэлажьэ щIыхь гупщ. Псори дызытегуэвыхьыр зы Iуэхущ - улахуэр зэрымащIэм и зэранкIэ щIыхуэхэр ди Iэщ1агъэм зэрыхуемыджэрщ, Iэщ1агъэлIэхэр кьызэрыдэмэщIэкIырщи, а унафэр зи Iэмыщ1э илъэхэм абы гулъытэ хэха хуащIыну дыщогугъ.

ДАУ Марианнэ,
УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэ, Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI.

Iэдэбу лэжьыгъэшхуэ зыщIэхэр

Театрым и гугъу щащIкIэ, и лэжьакIуэ щхьэхуэхэм я цIэ фIыкIэ щраIуэкIэ IэдыбгъэмкIэ къыздэнэ и Iэнатlэхэм ящыщ зыщ артистхэр утыку къызэрихьэ щыгъынкэр щад цехым и Iэпщ1элъапщ1эхэр. Iэдыжырэ Иннэ, Казанцевэ Ириней, Доценко Верэ сымэ гугъу зыдемыхьа зы щыIуни Iуэхущ1апIэм щIэлъхъым жыпIэкIэ ущыуэнхъым. Зи унафэщI къудамэм и гугъу къытхуищIыну Иннэ сышелъэIуькIэ идэркъым, «театрыр къыщыз1эуаха махуэм щыщ1эдзауэ мыбы щылажьэр Иринэщи, абы къыбжиIэмэ нэхъыфIщ» жеIэри.

Iэдыжырэ Иннэ

- Курыт еджанIэм и ебланэ классым сыщIэсу Проценко Александр зэхуишэса къэфакIуэ студием сыхагъэхьауэ щытащ. А гупым щыщу Музыкэ театрым и балет труппэм щхьэкIэ хъыхаар цIыхуит дызэрыхьэр, пенсэм дыкIуэхуи дыщылэжьащ абы. Иджыри студием сыхэту сэ сыщыджэгуащ Щоджэнцыкку Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэува «Лалуцэ» япэ адыгэ балетым. 1968 гъэм щIышылэм и 27-м Музыкэ театрыр къызэIутхащ Коган Лев и «Iэминат» балетымкIэ. Абы щыгуэм театрыр ухуэн яухатэкъым, дэ репетицэ тщIыуэ утыкум дыздитым уэс къыттесэрт. Дыщ1алэт, апхуэдизкIэ ди къарумрэ зэфIэкIымрэ дыкъигъэгугъэрт, хуабэ гуэр щытт1ыгъэну дигу къэкIыртэкъым. Абы зи узынщагъэр ихьаэрэ мымащ1эу къыхтэтащ, - игу кьегъэкIыж Иринэ.

1990 гъэм, пенсэм кIуа иужь, щыгъынхэр щад цехым и лэжьыгъэм щыпищащ Ириней. Ари зэрымыщIэкIэ кьэхъуэ Iуэхукъым. «Адыгэ театрым ауэ кьыхзэрымыкIуэу щыгъын тыншхэр щытхуадырт. Мыбы дыкъэкIуэжа иужь дэ дыIуущ дызыз1эмыпльа Iуэху: оперэм, балетым щыджэгухэм я щыгъыныгъуэхэр тыншу зэрыщытын хуейр ди дэрбзэрэхэм къаззэрыгурымыIуэм. Ар сигу ильурэ сыкъэгъуэгурыкIуати, цехыр Iэнатlэ схуэхъуа иужь, си гъусэхэм яжесIэу щIэздзащ, зэгъусэуи актёрхэр зыгъэтынышн фэилъхьэгъуэхэр ддыуэ едгъэжьащ, - жеIэ Иринэ.

- Пэж дыдэщ, - къыпещэ цехым и унафэщI Iэджырэ Иннэ. - Уэрэд жаIэ къудейкъым дэ дызыхуэдэжм, кьоф, я Iэр драхьей. Дакъыкъэ кьэс я щыгъыныр зэрагъэзэхуэжу утыкум ит хъунукъым ахэр. Мис абы, жаIэ къудей мыхъуу, фIыуэ щыгъуаззэт Ирини, чэнджэщэгъуи къытхуэхъащ, псалъэ лей хэмыту сыкъызыгурыIуэ лэжьакIуэ хъарзынэщ.

Театрыр апхуэдизкIэ псэм хэльти, IукIыжу унэм щIэтIысхьэжьафынутэкъым Ириней, ар и гъащIэм хэмытуи и нэгу кьыхущIэхъэхьэртэкъым. Иджыпсту театр зэхуэмыдэхэр зи кIуапIэ бзылъхугъэм дыщегъэгъуазэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэй хуэзэу спектаклхэр щагъэув Iуэхущ1апIэ закъуэтIакъуэм Музыкэ театрыр зэращыщым. «Москва сокIуэ сэ щIэх-щIэхыурэ. Абы щылажьэ театрэм утыкум и теплъэмк актерым и фащэмэ зрагъэлIэлIэжыркъым. Зы бохьшэхуэ утыкум кьрагъэувэу абы и кьуагъым кьыкъуэкIыурэ спектаклым и кIэм нэсыкъу ар ямыхьуэжу лэжьэфынущ. Дыдейр аракъым. КьызэрыгуэкI лэжьыгъэм щхьэкIэ дэ фэилъхьэгъуэ 60-м нэс дод, утыкум и теплъэращи, егугъупэу, щ1эщыгъуэ хъун хуэдэу йолэжь», - дыщегъэгъуазэ Иринэ.

Казанцевэм и лэжьыгъэ гулъытэншэ хъуакъым. Зэман зэхуэмыдэхэм абы кьыхуагъэфэщащ фIыщIэ, щытхъу тхьылхэр, абы кьратащ Дунейпсо Артийскэ комитетым и медалыр.

ХЬЭТУ Ириде.

Къэбэрдей-Балъкъэр Музыкэ театр

Гъунэ изылъа гупыр



Балет труппэр.

Балет труппэр къыщежьар ди хэкуэгъу, Май къалэм къыщалъхуа Проценкэ Александр Москва къикIыжу Налшык къыщыкIуарщ. Абыр Уэрсей Фаинэрэщ ди республикэм и къуажэхэр, къалэхэр къызэхэзыщIыхьу къэфэным дихьэх ныбжьыщIэхэр къыхэзышар, ахэр щеджэ культпросветучилищым и хореографие къудамэм и гупышхуэр зыгъэсар. Проценко и апэ еджакIуэхэм ящыщщ Хьэкъул Розэ, Архэст Хьэсэнбий, Кьардэн Борис, Энеев ТIэхьир, Кузнецов Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ИЛЪЭСИТIКIЭ ахэр иригъадджэри, балетхэр гъэувыным яужь ихьащ балетмейстер гъуэзджэр. Абы «Палуда» балетым и либреттэр езым игъэхьэзыраус иIэти, Коган Лев макъамэр щIригъалъхьари, Щоджэнцыкъ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым аращ апэ дыдэ балету щагъэлъэгъуар. Абы къыкIэлъыкIуащ «Дахэнагъуэ», «Бахчисарайский фонтан», «Лебединое озеро» балетхэр. «Ещанэ ди лъэпкъ балетыр, «Iэминатыр», и кIэм нэмысауэ театрым и труппэм дихьагъэхьат, - къызжиIауэ щытащ Музыкэ театрым и балетмейстер нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа Хьэкъул Розэ. - Ар цIыхуэхэм зэредгъэлъагъуным хуэдизкIэ ухуэнкIуэр и кIэм нэмыгъэс илъэс куэдкIэ лэжьа Хьэкъул Розэ. Щоджэнцыкъ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызыгъэтIылъа Проценкэ Александр. ИужькIэ Гъубжокъуэ Болэт, Абыдэ Арсен, Хьэкъул Розэ сымэ, 2012 гъэм къыщыщIэдзауэ - КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ди республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI ПащIэ Рамед. Театрыр кьщызэIуахам щегъэжьауэ балет труппэм хэтащ Кузнецов Юрий, иужькIэ абы «Муха-Цокотуха» сабий балетыр Хьэкъул Розэ и гъусэу игъуэвауэ щытащ.

Балет жанрым хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщIахэм ящыщщ къэфакIуэ тельыджэхэу Зэхъуэхъу Сэлэмэт, Архэст Хьэсэнбий, Кьардэн Борис, Величкэхэ Анатолийрэ Галинэрэ, Кьардэн Еленэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Рамед щыгъуазэ дызэриIущIамкIэ, иджыпсту балет труппэр цIыху 25-рэ мэхъу.

- Ди цIыху бжыгъэр къыщыдэмэщIэкIым и деж къыдогъэблагъэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкIэ колледжым (зэгурыIуэныгъэ зэтущIыкIуэ щытщ) кьафэ гъуэзджэмкIэ и къудамэм щеджэхэр. Студентхэр лэжьыгъэм хыдогъэгъуазэ, догъэхьэзырри, зыхуэзфIэкIыну къэтIылъэтхэр спектаклхэм, опереттэхэм, музыкэ комедиехэм, балетхэм хыдогъэхьэ.

Балет труппэм хэтщ зи IэщIагъэр фIыуэ зыльагъу, ар зыкIи зыхуэмыхъуэжыну цIыхухэу Хьэкъул Анжелэ, балетмейстер-постановщик Чуякъуэ Юрий, Щэбэтыкъуэ Юлие сымэ, нэгъуэщIхэри. Сценэр зыгъэдахэу кьыт-щIэхьуэ щIэблэм ящыщщ профессиональнэ кьафэкIуэхэм я зэхьэзэхуэм, Эсамбаев Мэхьмуд и цIэр зезыхьэм (Грознэ къалэ), и лауреат Къущхьэ Камилэ; зэфIэкI хъарзынэ къэзыгъэльагъуэ, щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкIэ колледжым и студентхэ, си гъэсэн Кьандур Адисэ. Зэпеуэ куэдым хэтащ Адисэ, иужьрейуэ Санкт-Петербург щыIати, абы щекIуэкIа зэхьыхьэшхэм япэ увыпIэхэм яз къыщыхьащ. ФIыкIэ дащогуфъ Мустафаев ТIэхьир, Тут Ксение, ХьэхъупащIэ Астемыр сымэ. Ди театрым и концертмейстер нэхъыщхьэ, балет труппэм и концертмейстер щIалэ Щабэтыкъуэ Заур зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ музыкантщ - жеIэ Рамед.

ЖьпIэнурамэ, труппэм махуэ къэс къаруущIа егъуэт, цIыхущIэ къыхохьэ, лажьыгъэщIэхэр утыку кърехьэ. Псалъэм и хьатыркIэ, иджыпсту гупыр иолэжь «Кошкин дом» сабий балетым, «Ночи в садах Испании» спектакльм. Илъэс кIуам «Гимн восходящему солнцу» балетыр Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щагъэлъэгъуащ.

БЛИЙ Даянэ.

Музыкэ театрым илъэс 40-м щIигъукIэ щылэжьа Бицу Юрэрэ илъэс зыбжанэкIэ а Iуэхущ Iапэм и хорым и пашэу щыта Бекъул Зауррэ яужькIэ а къалэныр пщэрылъ хуэхъуащ КIуащ Заретэ. Илъэс кIуам и фокIадэ мазэм щыщIэдзауэ ар хормейстер нэхъыщхьэщ. Саратов консерваториер кьиухыу кьыгъэзэрегъэзэжрэ абы щригъэджащ Кавказ Ищхьэрэм ГъуэзджэхэмкIэ и къэрал институтым.

- ИЛЪЭСИБЛКIЭ сыщыIащ сэ институтым. СфIэгъэщIэгъуэну, сыдихьэхыу сыпэрытащ Iуэхум. Ди кафедрэри зэкъуэтт, студентхэм уэхэтыни икъукIэ гухэхъуэт. Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ хорым ехьэлIа лэжьыгъэр нэхъыфIыжщ. Сэ сыдирижёрщ, сыхормейстерщ, гупым сыдэлэжьэныр, хорым сыщIыгъуу зыгъэр къэгъэщIыныр си къалэн нэхъыщхьэу къызолытэ. Сэ зэи мыбы уэрэд щыжьсIэну къэхусхуахуатэкъым, сызыщеджа, зи гъусэу зытыку сыкъэхьаxэр мымащIэу зэрыхэтым, щытхъу зэриIэм сыщыгъуазэ мыхъумэ. Хорым и лэжьыгъэр екIуу къызыхэщ лэжьыгъэхэр, «Севастопольский вальс»-м хуэдэхэр, и машIэкъэым театрым. ЖьпIэнуракъэ, зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу защIэщ хорым хэтхэр. Я нэгум уипльэмэ, болъагъу, ролыр ягъэзащIэ хуэдей мыхъуу, абы зэрырипсэур. Ар мыхьэнэ ин дыдэ зыгъэзащIэщ, сыту жыпIэмэ макъ уиIэн къудейкIэ ди Iуэхур зэфIэкIыркъым, утыкум ущиткIэ артист нэсуи зыкъэбгъэльэгъуэфыныр Iэмал зимыIэщ, - дыщегъэгъуэнэ Заретэ.

ЗэрафIэщIалэм къыхэкIыу тIэкIу дзыхьмыщIу гупыр пщащэ цIыкIум Iущ Iам пцIы хэлътэхъам. Арщхьэкlэ зэман кIэщIым кьриубыдэу абы хуэзфIэкIащ и Iуэху бгъэдыхьэкIэр хорым хэтхэм наIуэ ящищIын. Театрым и «Iэпкъ-пцIэпкъым» щыщ зы Iыхьэм хорым - и къэкIуэнум зэригъэпIейтей кьудейр куэд и уасэщ.

- Псори зэхэту хорыр цIыху 41-рэ мэхъу, сабий зэрапIам щхьэкIэ мылажьэхэр хэмыту цIыху 38-рэ утыкум итщ, - жеIэ КIуащIам. - Тенор, бас, сопранэ, альт... макъ лIэужьыгъуэ псори диIэщи, сыт хуэдэ концертми ди кьарур пэлъэщынущ. Хорышхуэ щымылажьэу мыхъуну «Пиковая дама»-р дгъэувыну дыхуейщ. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ илъэс къэс хорым зы концерт егъэхьэзыр. Театрым и илъэс лэжьыгъэр щызэхуищIыжыну пIалъэм иредгъэхьэлIэну ди мурадщ ар, икъукIэ дегъэгъуэри догъэхьэзыр. Абы и апэ Iыхьэр хуэхэтащ «Пушкинский венок» циклым. ЕтIуанэм щыдгъэзащIэ ди республикэм и композитор цIэрыIуэхэм - ХьэIупэ Джэбрэйил, Кьардэн Хьэсэн, Кьашыргъэ Билал сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр. Ахэр псори уэрэд, макъамэ гъуэзздджэщ, зыгъэзащIэри мащIэ дыдэщ.

Сэ срогушхуэ щыхьыщIэ зиIэ, дызыдэпльей уэрэджьIакIуэхэр дызэриIэм. Ди деж щолажьэ Кьрым Иринэ, Уэтэр МуIэед сымэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи си напщIэм телъщ ди хорым щыщхэр (Габуевэ Зухра, Созаев Хьусен, Щауэ Артур, Сабаниш Мухьэмэд, н.) театрым игъэув таурыхъхэм хэтыну щIэх-щIэхьыгъэ зэрырагъэблагъэр. Иджыпсту «Кот в сапогах» шыпсэр къалащхьэми, районхэми, къуажэхэми щагъэлъагъуэ.

Сэ сыщогуфIыкI зы унагъуэм хуэдэу дызэрызэхущытым. Иджыблагъэ Бицу Юрэ къедгъэблагъэри ди нэхъыжьхьфIми къыщалъхуа махуэмкIэ дехьэхъэчуащ. Сигу нэхъ щIэныкъуэр нэгъуэщI щыналъхъэм дызэрымыкIуэфырщ, утыку кьрихьэн лэжьыгъэрэ абы зэрыпэлъэщыщын зэфIэкIрэ иIэт гупым.

Зытхыжар
СОМГЪУР Синэмисщ.

ЕФЭНДЫ Джылахъстэн:

Iупхъуэр зэIутхащ «Iэминат» балетымкIэ

***Налшык дэт Музыкэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ хужьпIэкIэ ущымыуэнуЕфэнды Джылахъстэн нэхърэ абы и къежьапIэм нэхъыфIу щыгъуазэ къэгъуэтыгъуейщ. КъыщIэплъыхьэни щыIэкъым, сыту жыпIэмэ а Iуэхугъуэфыр, Налшык Музыкэ театр къыщызэIуахынырр, зи жэрдэмри, абы ехьэлIауэ къыкIуэкIа Iуэху псори зэфIэзыхари а зэманым КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру лэжьаЕфэнды Джылахъстэнщ. Нобэ республикэм и щэнхабзэ Iуэхущапи Iуардэхэм яхущ зыуэ щыт, дызэрыгушхуэ цIыхухэр щылажьэ театрым ехьэлIа и гукъэкIыжхэм зыщыдгъэгъуэзэн папщIэ дэ абы зыхуэдгъэзащ.**

- Музыкэ театр Налшык щыуэхуэным сытым утригъэгушхуат, Джылахъстэн?

- Ди кьалэм и кум, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цIэкIэ щыIэ утыкум деж, щаухуэну театрым и проектым кьыщыгъэзэгъуэр драмэ театыр. Сэ абыкIэ сыарэзытэкъым, балет, оперэ, опереттэ зиIэ Музыкэ театр кьызэIутхынкIэ си хуэупсапIэ нэхъ ин дыдэу щытти. Ар Музыкэ театр пщIым щхьэкIэ хьэзыру щыта проектым зэхъуэкIыныгъэ мымащIэхэр хэлъхьэн хуейт: сценэр, оркестр мащэр куэдкIэ нэхъ ин щIын, макъамэр кьабзэу цIыхухэм я деж нэсын папщIэ акустикэ жьхуэтIэм бгъэдыхьэкIэ лей худиIэн, балетым щхьэкIэ репетицэ щащI пэш хэщIыхьыжьын, нэгъуэщI куэди. А псомкIи дэ зыкъытщIагъэкъуащ Москва дэт «Гипротеатр» проект институтым и IэщIагъэлIхэмрэ Музыкэ театрыр зыщIа «Къэббалъкъпромстрой» ухуакIуэ трестым и лэжьакIуэхэмрэ.

КъыхэгъэщIпхъэщ театрымрэ концерт залымрэ щIыныр сыт хуэдэ нэгъуэщI ухуэныгъэми зэремыщхьыр. Жьуэплыныгъэшхуэ пылъщ цIыху куэд дыдэ зэкIуэлIэну Iуэхущ Iапи Iэр ныкъуэсаныгъэн-шэу зэфIэгъэувэным. Мис мы театрыр щытщIми гугъуэсигъу куэдым дыIуущ дэ. Псалъэм папщIэ, абы и блынхэр зэрызэтелъхьэн хуейуэ проектым кьиргъэув тхьэмбылыфэ туфыр дэ Армян ССР-м и Артик кьалэм кьитшын хуей хьащ. И щхьэм щIалIэнэр, люминевткIэ зэджэр, Германиеи фIэкIа щащIыртэкъым. Сыт хуэдизу мыгугъуами, адыгэш лъэпкъыдэм хуэдэу шитIкIэ кьэтхъуэжьафат театрым ирикъуну люминевтыр. Апхуэдэ куэд, куэд дыдэ кьыкъуэкIырт, ауэ дыкъэмыуыбIэу а Iуэхум дыпэщIэтащ, икIи илъэситхум и кIуэцIкIэ Музыкэ театрыр духуащ.

- Театрыр къызэIупххIэ зэрызэфIэмыкIынур гурыIуэгъуэт, Джылахъстэн. Абы щылэжьэфын цIыхуи ухуейт...

- Сыт хуэдэ театрым дежкIи нэхъыщхьэ дыдэр и творческэ гупырщ. АтIэми, Музыкэ театрым ар куэду зэчий щызэхэтщ. Абы щылэжьэн хуейщ зэчий абрагъуэ зыбгъэдэлъ уэрэджьIакIуэхэр, балет труппэ, хор, оркестр, режиссёрхэмрэ дирижёрхэмрэ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI техникэ лэжьакIуэхэр - сценэм и машинистхэр, радистхэмрэ нэхур зэрытридзэм кIэлъыплъхьэмрэ, дэрбэзэрэр, нэгъуэщIхэри. А псом кьыхэкIыу, театрыр уху нэм дэ дзэгъэкIуащ сценэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынри. Щоджэнцыкъ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым зи лэжьыгъэ щыIэ гъэльагъуэ балет труппэ диIэхэт. Ахэр зыхэдгъэхьажьну гупри Музыкэ театрым щхьэкIэ дгъэхьэзыру щIэддзащ.

Си ныбжьэгъуфI, ВЛКСМ-м и ЦК-м илъэситхукIэ кьыщыздэлэжьа, РСФСР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и кьуэдзэ Кочетков Владимир си дэIэпыкъуэгъуу кьыхэзыгъэлIагъуэ зэчиифIэ гупитI. Зыр Луначарский А. В. и цIэр зезыхьэ ГИТИС-м музыкэ театрхэм я артистхэр щагъэхьэзыр и факультетым (СССР-м и цIыхубэ артист Ансимов Георгий и классым), адрейр - Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ Музыкэ-педагогикэ училищэм. Къэфэным кьыхуигъэщIа ныбжьыщIэ зытух щIэдгъэтIысхьащ Баганова А. Н. и цIэр зезыхьэ Ленинград хореографие училищэмрэ Пермь хореографие училищэмрэ.

- ЗэрыжьпIащи, драмэ театру кьежьар сыт хуэдэ щIыкIэкIэ Музыкэ театру кьызэIуфыфа?

- 1967 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм си дипломатыжь цIыкIум сегугъпэу зэхэзгъэтIылъыкIа дэфтэрэхэр дэспъхьэри, Москва сыльэтащ. РСФСР-м щэнхабзэмкIэ и министр Попов Алексей зи ухуэныгъэр и кIэм нэблагъэ театрыр Музыкэ театру фIэкIа нэгъуэщI пщIы зэрымыкьуар быдзу и фIэщ щIэуэ хьэкъуу пхыгъэкIын хуейт. Сыхуэзэри, сызытекIухьа Iэгуэр кIэщIу жесIащ. Дэфтэрхэм дакъикъэ тIощI хуэдизкIэ зыри жимыIэу хэпльащ министрыр.

- Оперэ, опереттэ, балет зыхуэтIэхэр къэзэщIикъуэу Налшык Музыкэ театр къыщызэIутхыну хуит дыпщIатэмэ, ди лъэпкъыр щащIэжьу къыпхуэзарэзынт, икIи зи уэдэщымыIа Къэбэрдей-Балъкъэрым унэкIуэным ар щхьэусыгъуэ дахэ хуэхъунт, - щIыжьIсIэм:

- Музыкэ театрыр кьызэIупхкIэ зэфIэкIыркъым, абы иIэн хуейщ зэчий зыбгъэдэлъ творческэ гуп, - жэуап щIыкIэу жиIащ Алексей Иванович.

- Ари сощIэ, - сыкъэхуикIуэтырркъым си федеральнэ министрым. - Дэ диIэщ балет труппэ, и репертуарыр спектаклиплI хьуэ: «Палуда», «Дахэнагъуэ» - лъэпкъ балетхэмрэ Астафьевым и «Бахчисарайский фонтан», Чайковскэм и «Лебединое озеро» классикэ лэжьыгъэхэмрэ. УэрэджьIакIуэхэр, кьэфакIуэхэр догъэхьэзыр, Москва и еджапIэхэм гупитI къэдгъэкIуащ, ди ныбжьыщIэхэр нэгъуэщI кьалэхэми щоджэ. Дирижёр, художник, режиссёр жьпIэми, псори диIэщ.

- Урысейм кьалэ куэд дыдэ итщ цIыху мелуаным нэс щыпсэуу, ауэ оперэмрэ балетымрэ я театри, опереттэм и театри ямыIэу. Уэ куэдэ цIыкIум жанрищи кьызэщIэзыубыдэ Музыкэ театр къыщызэIупхыну уи мурадщ...

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхур абы щыпсэуми нэхърэ хуэдиткIэ нэхъыбэщ. ЗыщызэIэпсэхуэжмрэ зи узынщагъэр щезыгъэфIакIуэхэмрэ хэтмэщ жьхуэсIэр. Нэхъыщхьэращи, дэ ди лъэпкъхэр хуейщ икIи яхуэзфIэкIынущ я оперэ кьызэгъэпэщыну, классикэ лэжьыгъэхэр тельыджэу утыку кьрахьэну. Шэч хэлъкъым Музыкэ театрыр кьытщIэхъуэ щIэблэм эстетикэ гъэсэныгъэ етыныжкIэ щIэсу-къуэныщхуэ зэрыхъунум, - жысIащ сэ икIи сыкъызэримыкIуэтынур, дауэ мыхъуами Налшык а театрыр кьызэрыщызэIуахынур кьыхэзгъэщу щIызэгъуэжащ:

- Алексей Иванович, мы IуэхугъуэфIи и жэуапр нэгъуэщIым къурмыгъэту, арэзы хъунтэмэ, ди гуапэт.

- Уэ сыт хуэдэ мывэри пкъутэнщ, си ныбжьэгъу, - жиIащ абы пыгуфIыкIыурэ. - Сэ сыарэзыщ, ауэ «кьалъхугъащIэ» театрым мылъку дэнэ кьыхуэдизкIынур, 1968 гъэм и бюджетыр, уэрэ зэрыпщIэщи, кущ щIауэ нубзыхуащ.

Министрыр щIэгуэзвэн щIыэтэкъым, Музыкэ театрыр зыхуэныкъуэну зэхъуэкIыныгъэхэр ухуэныгъэм щыхезгъалъхьэн, ар япэ илъэсым зэрырлажьэну щIыкIэми сегупсыси си кIэн къызэрикIар. ИужькIэ, 2006 гъэм уэрэд жьIэныжькIэ «Уралмоно» дунейпсо фестивалым и лауреат сыхъуащ. Ди республикэми, нэгъуэщI щIыналъэхэми нэмыцэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, есэлымкIэ щекIуэкIа олимпиадэхэм мыхэ-мыгъэу си зэфIэкI сыщепльыжащ. Хьэсэней къуажэ курыт еджапIэр къэзуха нэужь, си адэ-анэм Социально-гуманитарнэ институтым сыщеджэну кьыхсхуагъэльэгъуа щхьэкIэ, уэрэд жьIэным дихьэхати, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и кьэрал институтым уэрэд жьIэныжьмкIэ и къудамэм сыщэтIысхьащ. ЕджапIэр кьыщыхуэнащ, аспирантурэм сощIэ, нэгъуэщI философиемкIэ си щIэныгъэ щыхэзгъэхъуащ икIи си кандидат лъэныкъэр пхыгъэгъэкIащ. Институтыр 2010 гъэм къэзуащ. Абы щыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым Къэрал Музыкэ театрым сфIэфIу сыщолажьэ. УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист Батыр Мухьэдин сриуэджащ. Иджы си лэжьэгъуащ, гъэгъуэгъэльэгъуэщ, чэнджэщзгъэщ.

- Кьул Амир зи художественнэ унафэщI, КъБКъУ-м уэрэдымрэ кьафэмкIэ и «Амикс» театрым ухыхьа зэрыхъуам утеэзгъэпсэльыхьынут.

- 2004 гъэм, илъэс 15 сыхъуу, Кьул Амир зыхуэзгъаэзри институтым сыщIэтIысхьэным и пэ кьикуэу ар кьыздэлажьащ. Абы кьыщынэмыщIауэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Тауеновэ Галинэрэ композитор икIи япэ балькъэр продюсер Этчеев Муэсфаррэ уэрэд жьIэным и щIэхуэм сыхагъэгъэзащ. Сэ зэфIэкIэр зэхэзэхуэсхьи и лъэныкъэкIэ ахэращ кьыздэIэпыкъуэр.

Уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Амикс» театрым и гъусэу Урысейм и щIыналъэ куэдым я хъыкуэжм зыкъыщыдгъэльэгъащ. Псом хуэмыдэу гукъинэжкI уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэхэу Меладзе Валерий, Павлиашвили Сосо, Светиковэ Светланэ, Газманов Олег сымэ, Hi-Fi гупым, нэгъуэщIхэми я гъусэу зы утыку дитыну ди насыпт кьызэрихьар. «Амикс» театрым и концертхэр, республикэ, кьэрал махуэшхуэхэр щIыщыгъуэу кьызэрызэдгъэпэщыным дыкуцIокIу. Дэ дозгъэзащIэ зауэ зэманым, 60 - 70 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэу щыта уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, интернатхэм, жьы хуэахэм я унэхэм псапэхэущIэу концертхэр зэпымыууэ щыдот.

- Уи лэжьыгъэхэр кьызэщIэпкъуэжрэ кхъуэзанэм щIэбгъэкIыжмэ, дэтхэнэхэр нэхъ гукъинэж пщы-хуа?

- ФIыуэ слъагъу ролхэр куэд мэхъу. Нэхъ спэгъунэгъуэм икIи иджыпстуи ди репертуарым хэтхэм ящыщщ Музыкэ театрым и режиссёр Сафаровэ Тамарэ игъэува «Севастопольский вальс» опереттэм (Листов Константин) Ахьмэд и роль щызгъэзащIэр, Филатов Леонид и «Про Федота-стрельца удалого молодца» лжьыгъэм щыщу пащтыхьым и роль кьыслъагъэсар. Иджыпсту Дэбагъуэ Роман яужь итщ «Аршин мал алан» лжьыгъэм. Абы хэт Вели и ролыр кьыхуагъэфэщащ. Мыгувэу ар япэ дыдэу утыку щыдгъэльэгъуэнущи, гупыж зыщIэхэр псори фыкъыдогъэблагъэ. Пожьыгъэр гъэщIэгъуэн фщыхъуну дыщогугъ.

- Упсэу, Къайсын. БгъэзэщIэну узэхъуапсэ роль е зыкъыщыбгъэльэгъуэну узыхуэщIэкъу щыпIэ щыIэ?

- Иджыри кьыздэсым нэхьыбэу пщэрыльэ кьысщащIыр гушыIэ ролхэращ. Ар си хьэл-щэным, дуней тетыкIэм нэхъ хуэкIуэу кьальэтэу арагъэнущ. Арауэ кьыщIэкIынущ драмэ ролхэм нэхъ сыщIыщIэхъуэпсри. Сыщогугъ Дэбагъуэ Романрэ Сафаро-вэ Тамарэрэ дяпэкIэ апхуэдэ роль кьысльагъэсыну.

Кавказ Ищхьэрэм и хэгъэгухэм, Москвэ, Тэтэрстаным, Башкоторстаным сыщыIащ. НэгъуэщI къэралхэм я утыку иджыри зыкъыщыгъэльэгъуакъыми хуабжьу си нэ кьоюI.

- Зи гъусэу утыку уит уи лэжьэгъуэм ятеухуауэ сыт хьапIэнт?

- Зэлэжьэгъуэхэр зэгурыIуэ зэрыльэ зы унагъуэшхуэм хуэдэу дызэхущытащ. Гупыр икIи дызэрогъэныбжьэгъу, унагъуэкIэ дызэрощIыху, дызэкIэлъокIуэ. Илъэс куэд щIауэ театрыр зыгъэбжьифIэ ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ яхудощI. Актёр Iэзагъ и лъэныкъуэкIи уэрэд жьIэнкIи ахэр си щапхъэщ.

- Музыкэ къэрал театрыр илъэс 50 зэрырикъум тещIыхьауэ Iуэхущ Iапи Iэмрэ уи лэжьэгъуэхэмрэ сыткIэ ухуэхъуэпсэрэ?

- ФIыуэ слъагъу Iуэхущ Iапи Iэр ефIэкIуэну, зиужьыну, абы и утыку щыдгъэльагъуэ зауэ зэманым, 60 - 70 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэу щыта уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, интернатхэм, жьы хуэахэм я унэхэм псапэхэущIэу концертхэр зэпымыууэ щыдот.

- Уи лэжьыгъэхэр кьызэщIэпкъуэжрэ кхъуэзанэм щIэбгъэкIыжмэ, дэтхэнэхэр нэхъ гукъинэж пщы-хуа?

- ФIыуэ слъагъу ролхэр куэд мэхъу. Нэхъ спэгъунэгъуэм икIи иджыпстуи ди репертуарым хэтхэм ящыщщ Музыкэ театрым и режиссёр Сафаровэ Тамарэ игъэува «Севастопольский вальс» опереттэм (Листов Константин) Ахьмэд и роль щызгъэзащIэр, Филатов Леонид и «Про Федота-стрельца удалого молодца» лжьыгъэм щыщу пащтыхьым и роль кьыслъагъэсар. Иджыпсту Дэбагъуэ Роман яужь итщ «Аршин мал алан» лжьыгъэм. Абы хэт Вели и ролыр кьыхуагъэфэщащ. Мыгувэу ар япэ дыдэу утыку щыдгъэльэгъуэнущи, гупыж зыщIэхэр псори фыкъыдогъэблагъэ. Пожьыгъэр гъэщIэгъуэн фщыхъуну дыщогугъ.

Кавказ Ищхьэрэм и хэгъэгухэм, Москвэ, Тэтэрстаным, Башкоторстаным сыщыIащ. НэгъуэщI къэралхэм я утыку иджыри зыкъыщыгъэльэгъуакъыми хуабжьу си нэ кьоюI.

- Зи гъусэу утыку уит уи лэжьэгъуэм ятеухуауэ сыт хьапIэнт?

- Зэлэжьэгъуэхэр зэгурыIуэ зэрыльэ зы унагъуэшхуэм хуэдэу дызэхущытащ. Гупыр икIи дызэрогъэныбжьэгъу, унагъуэкIэ дызэрощIыху, дызэкIэлъокIуэ. Илъэс куэд щIауэ театрыр зыгъэбжьифIэ ди нэхъыжьыфIхэм пщIэ яхудощI. Актёр Iэзагъ и лъэныкъуэкIи уэрэд жьIэнкIи ахэр си щапхъэщ.

- Музыкэ къэрал театрыр илъэс 50 зэрырикъум тещIыхьауэ Iуэхущ Iапи Iэмрэ уи лэжьэгъуэхэмрэ сыткIэ ухуэхъуэпсэрэ?

- ФIыуэ слъагъу Iуэхущ Iапи Iэр ефIэкIуэну, зиужьыну, абы и утыку щыдгъэльагъуэ зауэ зэманым, 60 - 70 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэу щыта уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, интернатхэм, жьы хуэахэм я унэхэм псапэхэущIэу концертхэр зэпымыууэ щыдот.

- Уи лэжьыгъэхэр кьызэщIэпкъуэжрэ кхъуэзанэм щIэбгъэкIыжмэ, дэтхэнэхэр нэхъ гукъинэж пщы-хуа?

- ФIыуэ слъагъу ролхэр куэд мэхъу. Нэхъ спэгъунэгъуэм икIи иджыпстуи ди репертуарым хэтхэм ящыщщ Музыкэ театрым

НапэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар **ИСТЭПАН Залинэщ.**

Макъамэ гъуэзджэр зыгъэбей

Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр, макъамэ гъуэзджэхэм хэлъхьэныгъэ-IэкIхэр хуэзыщI, Къэрал МуузыкIэ театрымрэ «Амикс» театрымрэ я уэрэджьIакIуэ Холамханов Къайсын ди псэлъэгъуащ.

- Къайсын, уи Iэщ Iагъэр дауэ кьыхэпха хъуат?

- Уэрэд жьIэным пасэу, курыт еджапIэм сыщIэсу, сыдихьэхащ. Япэщ ыкIэ эстрадэ уэрэдхэр згъэзэщIэн щIэздзащ. ИужькIэ цIыхубэ уэрэдхэм нэхъ сыдахьэхащ. Гукъинэж сщIыхъуащ илъэс 12 фIэкIа сымыхъуу япэ дыдэу утыкушхуэм зыкъыщыгъэзэльэгъуэну си кIэн къызэрикIар. ИужькIэ, 2006 гъэм уэрэд жьIэныжькIэ «Уралмоно» дунейпсо фестивалым и лауреат сыхъуащ. Ди республикэми, нэмыцэбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ, есэлымкIэ щекIуэкIа олимпиадэхэм мыхэ-мыгъэу си зэфIэкI сыщепльыжащ. Хьэсэней къуажэ курыт еджапIэр къэзуха нэужь, си адэ-анэм Социально-гуманитарнэ институтым сыщеджэну кьыскхуагъэльэгъуа щхьэкIэ, уэрэд жьIэным дихьэхати, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и къэрал институтым уэрэд жьIэныжьмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. ЕджапIэр кьыщыхуэнащ, аспирантурэм сощIэ, нэгъуэщI философиемкIэ си щIэныгъэ щыхэзгъэхъуащ икIи си кандидат лъэныкъэр пхыгъэгъэкIащ. Институтыр 2010 гъэм къэзуащ. Абы щыщIэдзауэ нобэр кьыздэсым Къэрал Музыкэ театрым сфIэфIу сыщолажьэ. УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист Батыр Мухьэдин сриуэджащ. Иджы си лэжьэгъуащ, гъэгъуэгъэльэгъуэщ, чэнджэщзгъэщ.

- Кьул Амир зи художественнэ унафэщI, КъБКъУ-м уэрэдымрэ кьафэмкIэ и «Амикс» театрым ухыхьа зэрыхъуам утеэзгъэпсэльыхьынут.

- 2004 гъэм, илъэс 15 сыхъуу, Кьул Амир зыхуэзгъаэзри институтым сыщIэтIысхьэным и пэ кьикуэу ар кьыздэлажьащ. Абы кьыщынэмыщIауэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ Тауеновэ Галинэрэ композитор икIи япэ балькъэр продюсер Этчеев Муэсфаррэ уэрэд жьIэным и щIэхуэм сыхагъэгъэзащ. Сэ зэфIэкIэр зэхэзэхуэсхьи и лъэныкъэкIэ ахэращ кьыздэIэпыкъуэр.

Уэрэдымрэ кьафэмкIэ «Амикс» театрым и гъусэу Урысейм и щIыналъэ куэдым я хъыкуэжм зыкъыщыдгъэльэгъащ. Псом хуэмыдэу гукъинэжкI уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэхэу Меладзе Валерий, Павлиашвили Сосо, Светиковэ Светланэ, Газманов Олег сымэ, Hi-Fi гупым, нэгъуэщIхэми я гъусэу зы утыку дитыну ди насыпт кьызэрихьар. «Амикс» театрым и концертхэр, республикэ, къэрал махуэшхуэхэр щIыщыгъуэу кьызэрызэдгъэпэщыным дыкуцIокIу. Дэ дозгъэзащIэ зауэ зэманым, 60 - 70 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэу щыта уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, интернатхэм, жьы хуэахэм я унэхэм псапэхэущIэу концертхэр зэпымыууэ щыдот.

- Уи лэжьыгъэхэр кьызэщIэпкъуэжрэ кхъуэзанэм щIэбгъэкIыжмэ, дэтхэнэхэр нэхъ гукъинэж пщы-хуа?

- ФIыуэ слъагъу Iуэхущ Iапи Iэр ефIэкIуэну, зиужьыну, абы и утыку щыдгъэльагъуэ зауэ зэманым, 60 - 70 гъэхэм нэхъ цIэрыIуэу щыта уэрэдхэр. КъищынэмыщIауэ, интернатхэм, жьы хуэахэм я унэхэм псапэхэущIэу концертхэр зэпымыууэ щыдот.

- Уи лэжьыгъэхэр кьызэщIэпкъуэжрэ кхъуэзанэм щIэбгъэкIыжмэ, дэтхэнэхэр нэхъ гукъинэж пщы-хуа?

- ФIыуэ слъагъу ролхэр куэд мэхъу. Нэхъ спэгъунэгъуэм икIи иджыпстуи ди репертуарым хэтхэм ящыщщ Музыкэ театрым и режиссёр Сафаровэ Тамарэ игъэува «Севастопольский вальс» опереттэм (Листов Константин) Ахьмэд и роль щызгъэзащIэр, Филатов Леонид и «Про Федота-стрельца удалого молодца» лжьыгъэм щыщу пащтыхьым и роль кьыслъагъэсар. Иджыпсту Дэбагъуэ Роман яужь итщ «Аршин мал алан» лжьыгъэм. Абы хэт Вели и ролыр кьыхуагъэфэщащ. Мыгувэу ар япэ дыдэу утыку щыдгъэльэгъуэнущи, гупыж зыщIэхэр псори фыкъыдогъэблагъэ. Пожьыгъэр гъэщIэгъуэн фщыхъуну дыщогугъ.

Кавказ Ищхьэрэм и хэгъэгухэм, Москвэ, Тэтэрстаным, Башкоторстаным сыщыIащ. НэгъуэщI къэралхэм я утыку иджыри зыкъыщыгъэльэгъуакъыми хуабжьу си нэ кьоюI.

- Зи гъусэу утыку уит уи лэжьэгъуэм ятеухуауэ сыт хьапIэнт?

- Зэлэжьэгъуэхэр з

Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Адыгэбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм къызэралытэмкIэ, япэ игъэщIапхъэр, щытхъу нэхъыбэ зыхуэфащэр Бырсей Умарщ, абы я ятIонэрэ адыгэ алыфбейщ.

Бырсей Умар щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, гъащIэ гъэгуанэ гугъу зыкIуа щIыхуц. И ныбжьыр илъэсибл фIэкIа мыхъуу Умар ядыгъури Тыркум ирашат,ар къэзыщхуа пэщэр цIыху дыджу къыщIэкIакъым, щIалэ цIыкIур акъылыфIэу зэрыщытым гу лъитэри, егъэджакIуэ къыхуищтэри щIэныгъэ иригъэгъэтащ. Абы зригъэщIащ хъэрыпибзэр, тырку6зэр, франджьбзэр. Иужькl э и щIэныгъэм хригъэгъэхуэну Бырсейр Франджьм игъакIуэри, абы илъэсищым нэскIэ щеджащ. ЕджапIэр кIыуха нэужь абы Тыркум имыгъэззэжу и адэжь щIыналъэм къэкIуэжащ.

Бырсей Умар япэ адыгэ егъэджакIуэщ. 1843 - 1850 гъэхэм урысыдзэм къулыкIу щищIа нэужь, бзэ куэд зэрищIэм и фIыгъэкIэ, «Губернскэ гимназиекIэ» еджэу Ставрополь дэтам Бырсейр ягъакIуэ адыгэбзэ щригъэджыну. ГъэщIэгъэныракъэ, абы иригъэджащ урысхэри, икIи ди деж къэса архив тхыгъэхэр щыхьэт зэрытехъэмкIэ, абыхэм адыгэбзэр зэман кIэщIым уэр-сэру зрагъэщIат.

Бырсейм и япэ алыфбейр зытещIыхьауэ щытар хъэрып тхыбзэрат. Ауэ ищхьэкIэ зи гугъу щытащIа еджапIэм зэрыщIалажьа зэманым, шэч хэмылъу, абы къыгурыIуэжащ ар зэрыщыIуагъэр. ИужьыIуэкIэ абы зэхигъэуващ адыгейбзэм и грамматикэ 1862 гъэм кавказыдж Усларрэ Бырсей Умаррэ къэбэрдеибзэм и азбукэ къыдагъэкIащ урыс графикэм тету. Ар и лъабжьэу дунейм кьытехьат кавказ лъапкъэмрэ щIыпIэмрэ тепсэлъыхь тхыгъэхэр щызэхуэхъэса тхылъыр, Лопатинскэм, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ зэхалъхьар.

Профессор цIэрыIуэ ХьэкIащэ Андрей зэриттхымкIэ, япэ адыгэ алыфбейр Бырсейм и закъуэ кьыдигъэкIыфынкIэ Iэмал иIэтэкIыщ. Ар щыгъэжитьхьэми кьыщыдигъэкIми иуре еджагъэшхуэ зэщIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу хуэхъуащ Бырсейм. ХьэкIуащэр зыхэлэжьыхьа архив тхыгъэхэм кьагъэлъэгуаращ: щIэныгъэмкIэ министерствэмрэ урыс академиемрэ щыгложьа урыс академик цIэрыIуэхэм япэ адыгэ алыфбейм хэплъа щIыналъэ, абы хуатха рецензэм кьыщагъэлъэгуащ. ФIагъэ ныкъуасаныгъэу абы халъэгуахэр. Абыхэм къызэралъытамкIэ, щытхъу хуэфащэщ адыгэ щIэныгъэлIм, «...зи анэдэлъхубзэ зыджыну мурад зыщIахэм а алыфбейр дэIепыкъуэгу нэс зэрахуэхъунум шэч хэлъхьам».

БлэкIа зэман жыжьэхэм ди лъэпкъэгъуэхэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным елэжьахэм ящыщу Бырсейм нэхъыбэ кьехъулIауэ кьалыытэ, и букварь тригъадзэу адыгэбзэр гимназием зэрыщригъэджам кьыхэкIыу. Ауэ, итIанэми, жыпIэ хуэныкъым а тхыгъэхэр цIыхубэм куэду ялъэIэсауэ, куэду кьагъэсэбпаУэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Бырсейм зыщригъэджа гимназием бгырысу мащIэ дыдэщ щIэсар, ари кьулей, зыхуэзфIэкI унагъуэхэм я бынхэрат. КьыхэзрыгуэкI гугъуеныкIуэхэр зыщеджэн ежмапIэ а зэманым щыIакъым.

ЩОДЖЭН Iэминат.

КIуащ Владимир Сэрэбий и къуэр

«Челябинск» АПК-р нэхъыфI дыдэхэм хабжэрт, унафэщIхэм пщэрылъ кьыщащI сыт хуэдэ кьалэнхэми пэлъэщыфыну гупу кьалъытэрт.

Владимир Сэрэбий и къуэр псыщIагъырыкIуэ кхъухьым и унафэщIу щыщытам, трактор кьыщыщIагъэкIыу Челябинск дэт заводым и лэжьакIуэхэм «Челябинск» АПК-м хыдзэлIу кьулыкъу щрахьэкIырти, а Iэхъущапсэм зэгурыIуэныгъэ иригъэщIыпIауэ ядэлажьэрт.

2011 гъэм КIуащ В. С. Камчаткэ щыIэ хы Хуэм флотым и 10-нэ дивизием и псыщIагъырыкIуэ кхъухьым кьулыкъу щызыщIа, езанэ рангым и капитан, урысей дзэ флотым щызэкIуэ хабзэ дахэхэм кьыпIэзыщIэу щытахэм ящыщ зы КIуащ Владимир Сэрэбий и къуэр.

Владимир Сэрэбий и къуэр 2017 гъэм пенсэ кIуащ, ауэ командованием и лъэIыкIэ кьулыкъу щIэным пищащ хы Хуэм флотым и кхъухьым я командир-гъэсакIуэу.

И пщэ кьыдзэкуэ кьалэнхэр гъэззэщIэныжьмкIэ, пщэрылъ кьыщащIащэр тэчуилищэ нэхъыщхьэм. 1985 гъэм, еджапIэр кьиуха нэужь, кьулыкъу щищIэну кьихиухащ хы Хуэм флотым и псыщIагъырыкIуэ кхъухьэм я 10-нэ дивизэм и кхъухьэм я базэу Камчатскэ крайм хыхьэ Вилючинск кьалэм щыIэр.

КIуащ В. С. кьулыкъу щищIащ «Антей» классым хыхьэ «Челябинск» К-442 атомнэ псыщIагъырыкIуэ ракетнэ кхъухьэм, 2000 гъэм кьыщыщIэдзауэ 2010 гъэ пщIондэ абы и командиру щытащ.

«Челябинск» атомнэ псыщIагъырыкIуэ ракетнэ кхъухьым кьулыкъу щызыщIахэм тхыдэ дахэ яIэщ, хы Хуэмым испхэм абыхэм дзэ кьалэн тIэунейрэ щагъэззэщIащ, Ищхьэрэ Мылыпъэ хым и мылхэм щIэкIащ, я пщэ кьыдзхуэ кьалэнхэр гъэззэщIэным зэрыхуэхьэзыгъэрыр кьагъэльагъуэуэрэ, флотилием и «кхъухь нэхъыфI» цIэр мызэ-мытIэу ягуэлъэфащауэ щытащ. Езанэ рангым и капитан КIуащ В. С. и унафэм щIэт «Челябинск» атомнэ псыщIагъырыкIуэ ракетнэ кхъухьым, 2000 гъэм кьыщыщIэдзауэ 2010 гъэ пщIондэ абы и командиру щытащ.

КIуэкIуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Канунников В. А., Къуэдзокъуэ М. М., Абдуллаев М. К., Алэкьей А. М., Амщикъуэ Ф. Къ., Аттаев Ж. Ж., АфэщIагъуэ М. Хь., Ахъуэхъу Т. Б., Берд Хь. А., Бозий Н. М., Бэлэтокъуэ В. Хь., Геляхов А. С., Говоров С. А., Губин Г. С., Емуз Н. Гъу., Жанатаев С. А., Зумакулов Б. М., Кьардэн М. Н., Къэрмокъуэ Хь. М., Лыхь М. М., Нэхущ З. А., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр йокIуэкI

● КIэзонэ унэ

Урысейм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэр (УИС) гъатхэпэм и 12-м илъэси 139-рэ иригъэщащ. КъБР-м щыIэ УФСИН-м Iуэхущ1апIэу 8 иIэщи, абы щыщу 5-р уголовнэ тезырхэр щапшынысщ.

ФСИН-м зэхъуэкIынигъэ куэд игъэтащ, нэхъыщхьэращи, ар кIуэ пэтми нэхъ зэIуха мэхъу. Мы зэманым абы игъэта зыужьынигъэм кьрикIуэращи, тезырыр щапшынысщ щыпIэхэр хуагъэкIуащ ягъэтIысахэм щIэныгъэ, щIэупщIэ зиIэ Iэщ1агъэ щызрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэм, - жеIэ КъБР-м щыIэ УФСИН-м и унафэщI, къэрал кIуэцI кьулыкъуэм и полковник Мэрэжьэ Мухьэмэд. - Iэнатlэр техникэ и лъэныкъуэкIэ кьызрызэгъэпэщамкIэ кьыщIэздзэнщи, кьыдогъэсэбэп хьумакIуэ телевиденэмрэ щIыхэр биометрикэ пщалъэжьамкIэ кьэщIыхуныжьмкIэ системэхэр, зэпсалъэр кьэзыгъэлъагъуэ таксофонхэр, зыкъуфыр видеоконференц щIыкIэм тету ящIэнымрэ.

- Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэр кьыщыззрагъэпэщым ягу кьэмыкIыххар нобэ нэрылъагъуэ. Псори зытещIыхьыжьыр кьыщIэхуахэм, хабзэм ебэкъуэхэм гъэсэныгъэ яхэлъхьэныгъэ цIыхугъэр яфIэмыкIуэдыным хуэщхьэпэныжьмрэщ. Абы щхьэкIэ кьыдогъэсэбэп жьлагъуэ зэгухьэныгъэхэм, ЦIыхум и хуитныгъэмкIэ уполномоченнэм, цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм дадэлэжьэныр. Мыхьэнэшхуэ яIэщ колониехэм кьыщыззрагъэпэща адэ-анэ комитетхэм, апхуэдэу «Бжэ зэIухам и махуэ» зэредгъэкIуэкIым, - жеIэ УФСИН-м и унафэщым. Абы кьыхегъэщI тезырыр зыпшынысыр нэхъ пасэу хуит ящIыжьыным е тезырыр нэхъ щабэкIэ хуахъуэжьыным теухуауэ УФ-м и Уголовнэ кодексым хальхьа зэхъуэкIынигъэхэр жьакIуэхэм, Мусульмэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм, Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым, Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и управленэм, Урысей МВД и къалэ Управленэм балигъ мыхъуэхэм я IуэхуэхэмкIэ и Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр тепсэлъыхьащ наркотикхкIэ зэпхьэлIэ, абы зыдебгъэзыхьэ зэрымыхъунум, абы кьырикIуэну гугъуехьэм, щIэпхъэджагъэ хьэлъэм ухуишэнкIэ зэрыхъунум. IэщIагъэлIхэм еджакIуэхэр яхьхураджащ я узынщагъэр яхъуэмэу, жылагъуэм хуэщIэхэпэн щIыкIэ жьыджэр кьахэкIыну зэрагуапэри жраIащ.

«Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» Iуэхум пащэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Узынщагъэр яхъумэн хуаущий

● ЩIэблэ

«Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» Iуэхум хиубыдэу Налшык къалэ щрагъэкIуэкIа зэхъыхьэм хэтащ цIыху мин 15-м щIигъу.

АПХУЭДЭ фIощыгъэм щIэту республикэм щыпащ наркотикэм зэрыпэщIэт лэжьыгъэм. Еджакlуэхэм щахуэзэкIэ, топсэлъыхь наркотикхэкIэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ щхьэхьэмрэ фIым уэзрыхуамышэм, диным теуха егъэлеиныгъэмрэ терроризмэмрэ гуэзвэгъуэ куэд кьыдзэрыжэкIыну, - къет КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэм.

Апхуэдэ зэIущIэ иджы щрагъэжьэщIащ Налшык къалэ дэт курыт еджапIэ №31-мрэ гимназие №14-мрэ. КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъныныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм, Мусульмэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм, Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым, Физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и управленэм, Урысей МВД и къалэ Управленэм балигъ мыхъуэхэм я IуэхуэхэмкIэ и Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр тепсэлъыхьащ наркотикхкIэ зэпхьэлIэ, абы зыдебгъэзыхьэ зэрымыхъунум, абы кьырикIуэну гугъуехьэм, щIэпхъэджагъэ хьэлъэм ухуишэнкIэ зэрыхъунум. IэщIагъэлIхэм еджакIуэхэр яхьхураджащ я узынщагъэр яхъуэмэу, жылагъуэм хуэщIэхэпэн щIыкIэ жьыджэр кьахэкIыну зэрагуапэри жраIащ.

«Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ шынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» Iуэхум пащэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Хъуэхъухэр

Хьэщ1ыкIу Азэмэт МуIэед и къуэр нобэ къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

Фыуэ тлъагъу, пщIэ зыхуэтщI Азэмэт! Iуэнышэу, уи пщIэр лъагэу, уи унагъуэм хабзэрэ нэмысрэ, адыгагъэрэ щыхухъэрэ щытепщэу, ёерычэтэр уи жьэгуу, уэрдIэ дыгушхэу, уи гум илъыпIэ, уи лъэр лъэIэсу, дунейр пфIэдахэрэ дэрэжэгъуэр уи куэду, дызытет щIыпIэм и IэфIыгъэ псори зыхэпщIэу гъащIэ кIыхь къэбгъэщIэну дынохъуэхъури, Тхьэшхэр фIыгъуэм я нэхъ лъапIэмкIэ къыпхуэупсэ!

Уи адэ МуIэед, уи анэ Заремэ, уи шыпхъу Марьянэ, уи малъхъэ СулътIан, уи щхьэгъусэ Сюзанне, уипхъуэху Дианэрэ Данэрэ.

Анэу щыIэм я нэхъ гумащIэу, нанэу щыIэм я нэхъ щабэу
Ахъсорхэ Хъаджэт дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкIэ

Дысабийщ, анэр диIэху,
ГъащIэр нэхущ, ди гур мэгушхуэ.
Абы и жьауэм дыщIэтыху,
Дэ тфIээырикIщ нэхъ IуэхушхуэР.

Зэхэпхам и псалъэ хуабэ,
НэхъыфI эыри ухуэмей.
Кьыбдилъамэ и Iэ щабэ,
Насыпу щыIэм ар я лейщ.

Сэ сольэIу нобэ ди Тхьэшхуэм!
Насыпэ дахэ, узынщагъэ,
Уэшхым хуэдэу, уэ кьыштешхэу
Куэдрэ, мамэ, дэ тхуэгъэгъэ!

Уи унагъуэм кьыбгъэдэкIыу.

● БэнэкIэ хуит

Урыш Анзор и дыщэ медаль

Бурятием и къалащхьэ Улан-Удэ мы махуэхэм щекIуэкIащ республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтыр бэнэкIэ хуитымкIэ къэхьыным теухуауэ щыта XXIII дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ КъБР-м щыщхуэ Урыш Анзоррэ Джэду Iэниуаррэ.

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 92-м нэблагъэхэм я зэпэщIэтныгъэм хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуахэм зы Iэмали яримыту текIуэныгъэр кьафIэзыхьа Урышыр кIэух зэIущIэм щыхуэзащ хэгъэрейхэм я лIыкIуэ Баторов Тимур. Бжыгъэр 11:0-м хуэкIуэ адыгэ щIалэр хуабжьу и хьэрхуэрэгъуэм зэрефIэкIыр наIуэ хъуа нэужь, зэпэщIэтныгъэм хухаха зэманыр и кIэм нэмыс щыкIэ, судьяхэм текIуэныгъэр Урыш Анзор кьыхуагъэфэщащ. Зэхьэзэхуэм ЗыриуфыдIэу ди лъэпкъэгъуэм иригъэкIуэкIа зэIуIэщIипIми псоми зэхэту 36:2-уэ щытекIуащ.

Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп джэгухэм иужькIэ ятIэу утыку кьихьэжа Джэду Iэниуар и Iуэхур нэхъ зэкIэлъымыкIуэ хъуащ. Зи хьэлъагъыр килограмм 79-м нэблагъэхэм я гупым щригъэкIуэкIа ятIэ зэIущIэм 11:0-у щытекIуа пэтми, абы фэбжь зэрыщигъуэтам и зэранкIэ ар зэхьэзэхуэм кьыхэкIын хуей хъуащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Гупыфl дызэрIэнум и нэщэнэхэр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 10-м. ЦIыху 200 еплъащ.**

Судьяхэр Къуэшыкъуэ (Белорече́нск), Мирошник (Ставрополь), Тибилов (Владикавказ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ (Дэхъу, 90+3), Михайлов, Шаваев, Каркаев, Къурмэн (Ашу, 46), Машэжь (Гаазаев, 75).

«Легион Динамо»: Магомедов, Омаров, Зайцев, Гафаров, Омаров (Ибрагимов, 86), Фатуллаев (Богатырёв, 73), Шалбузов (Муслимов, 54), Меджидов, Саадуев (Акаев, 77), Удунян Мухьэммэд (Газимагомедов, 77).

Топыр дигъэкIащ: Ашум, 61 (1:0).

Дагъэ къыхуащIащ Каркаевымрэ Шалбузовымрэ.

МАЗИЩЭ ныкъуэкIэ зэпагъэрауэ щыта Урысей Федерацэм футболымкIэ и ятIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2017-2018 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм тхьэмахуэ кIуам дыхуэзэшауэ щIидзэжащ. А зэманым кьрибыдэу «Спартак-Налшыкым» зэхъуэкIыныгъэ куэд кьыззрыщыхьуам мызэ-мытIэу дытепсэлъыхьащи, кьытедгъэззэжынкъым. Абы щыгъуэми хьэлэмэтт укIэльыплъыну зыкъом щIауэ дызыщIэхъуэпсэ, ди щIыпIэм щыщIалъхуэ икIи топ джэгуным зыщыхуэзыгъэсэ щIалэ защIэкIэ зэхэт гупым и япэ зэхьэбкуэхэр зэричым. Кьыхэдгъэщынщи, ахэр фIы хъун папщIэ я зэфIэкI кьагъэнакъым командэм и тренер нэхъыщхьэ Трубицын Сергей, тренер нэхъыжь КIэбышэ Заур, Iуэхур зи пщэ кьыдэхуэ адрей псоми. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэми, и адрыщIкIи кьагъэнакъым абыхэм я лъэр здынамыгъэса, гупыщIэм зыхьэфыну ди щIалэхэр зэхуашэсыжьын папщIэ. Пэжщ, хухах мылъкур хэпщIыкIыну зэрагъэмэщIам и зэранкIэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ягурыIуэфакъым, ауэ ари ущIэгуэзэн Iэхъуэгъуэкъым - ди республикэм и щIыхьыр къэралпсо утыкум щаIэтынщ Тулэ и «Арсенал»-м щыджэгу Бырхьэм Къантемыр, Пермь и «Амкар»-м хэт Щауей Алихъан, Ленинград и «Тосно»-м и щIыхьыр зыхъумэ Мырэз Резиуан, Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-м ирагъэблагъагъащIэхэу Кьэлмыкъ Амурэр Жылэ Исльамрэ, премьер-лигэм зыкъыщыIэзыгъэльагъуэ нэгъуэщI адыгэ щIалэхэм. Къаралым и гуп кьыхэхам ираджэнхэр абыхэм кьаззрыхэкIынуми шэч кьытетхьэркъым. Апхуэдэхэм ядэплъеину Iэмал гъуэззэджэ яIэнущ нобэрей «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэми.

Ди республикэм командэ хъарзынэ мыгувэу зэриIэнум и нэщэнэхэр щытпсэлъуащ вэсэмахуэ Налшык и «Спартак» стадионым щекIуэкIа зэIущIэм. Пэжщ, абы и япэ дакъикъэхэр удэзыхьэхыу щытакъым. Нэрылъагъуэ куэдрэ зызыгъэпсэхуэ щIалэхэм я джэгукIэр иджыри зэрызэтемыуэжакр. Уэлбанэ кIыхьым зэщIигъэбэга губгъуэми зэфIэкI лъагэ кьыщыбгъэзэгъуэну тынштэкъым. Дакъикъ кIэ тIощIкIэ зэныкъуэкъуэ иужькIэщ лъэныкъуэхэм яязыхэзэ япэу гъуэм щеуар: Ольмезовым кьыпщытащ хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым и зэфIэкIыр здынэсыр.

Загъэпсэхуу кьызэрихьэжу «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкIуэныгъэхэр щIигъэхуэбжьащ. Абы хуэфэщэну кьыпщIэуващ «Легион Динамо»-рэ. Мэхъэчкъалэдэсхэм Iэмал гъуэззэджит яIащ бжьыгъэ кьызэIуахыну, арщхьэкIэ зи насып кьикIар ди щIалэхэращ. Абаз Астемыр щагъэуцуа топым и кIэм щIэкIэм Ашу Мурад щцхьэкIэ теIэззщIыхьыжьхэр, хагъэрейхэр япэ ищащ - 1:0.

Iуэхум апхуэдэу зэрызихъуэжам къигъэуIэбжьа хьэщIэхэм псынщIэу зрачащ икIи мыгувэу бжьыгъэ зэхуэдэ ящIыжьыным пэгъунэгъу хъуахэщ. АрщхьэкIэ ди гъуащхьэтет Щоджэн Гаус дахэхэр фIэкIыфакъым.

Джэгум и кIэухым «Спартак-Налшыкыр» аргуэру кьыхэжьакIыфыну щытащ. Шаваевыр щхьэкIэ лъэщу зэуа топым «Легион Динамо»-м и гъуащхьэтетыр ерагъкIэ пэлъэщащ.

Зы топ закъуэри яхурикъуу ди щIалэщIэхэм мы гъэм япэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэн папщIэ. Шэч хэлъхьам абыхэм зэIущIэ гугъуэхэр кьаззрыпэщIылъым, ауэ дыщогугъ къэзыгъэздзыхэн кьыхэмыкIыну. Сыти жьыIи, зэпэщIэтныгъэ гуащIэхэращ ахэр зыпсыхьынур.

АдэкIэ фыщыдогъэгъуэзэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и ятIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым гъатхэпэм и 10-м щыщIэзыдзэжа зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуэм кьрикIуа бжьыгъэхэм: **«Анжи-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Академия»** (Дон Iус Ростов) - **0:1, «IэфIыпс»** (Iофыпс) - **«Армавир»** (Армавир) - **1:1, «Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Кубань-2»** (Краснодар) - **2:1, «Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Чайка»** (Песчанокопское) - **0:1, «Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **3:3**.

СКА (Дон Iус Ростов) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс), **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) зэIущIэхэр зрэIэпхъэщ.

КьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр гъатхэпэм и 17-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Осетие Ищхьэрэ - Аланием и кьалащхьэм щыIущIэнуц щIыпIэ «Спартак-Владикавказ»-м.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и ятIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Армавир»	20	15	4	1	43-11	49
2. «IэфIыпс»	19	15	3	1	37-10	48
3. «Краснодар-2»	19	12	2	5	43-16	38
4. «Чайка»	19	9	6	4	20-11	33
5. «Черноморец»	19	9	4	6	29-18	31
6. «Спартак-Налшык»	20	7	8	5	27-17	29
7. «Легион Динамо»	19	8	4	7	18-16	28
8. «Биолог-Новокубанск»	19	8	4	7	21-23	28
9. СКА	18	7	6	5	27-19	27
10. «Академия»	19	7	4	8	17-27	25
11. «Дружба»	20	7	3	10	18-35	24
12. «Ангушт»	17	5	5	7	17-27	20
13. «Спартак-Владикавказ»	19	5	4	10	17-27	19
14. «Мэшыкъуэ-КМВ»	18	5	4	9	14-17	19
15. «Анжи-2»	19	4	3	12	20-31	16
16. «Кубань-2»	19	3	0	16	15-46	9
17 «Динамо-Ставрополь»	19	1	4	14	19-51	7

Нэхъ лъапIэ дыдэ

● Нарт эпос

Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым щекIуэкIащ нарт эпосым теухуа щIэныгъэ конференц. Ди лъэпкъ IуэрыIуатэм и нэхъ лъапIэ дыдэу ябж хъыбархэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтымрэ щеджэ ныбжьыщIэхэм къаззрыщыхьур, халъагъуэ гупсысэхэр къаIуэтащ я лжьыгъэхэмкIэ.

КОНФЕРЕНЦIЫР къызэригъэпэщащ институтым гуманитар, социально-экономикэ щIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, культурологием и кандидат, доцент Щауэцыкlу Людмилэ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къикIа ныбжьыщIэхэр игъэхъэзыращ доцент, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат, Урысей Риммэ. Конференцым я лжьыгъэхэр щыщIэщIащ институтым Федерацэм егъэджыныгъэмкIэ и гъэхэм кьыщеджащ институтым щIыхь зиIэ лэжьакIуэ Кумыщ культурологиемкIэ къудамэм и етIуанэ курсым щеджэхэу Халабузарь Тамерлан, Асаново Лейла, Гузоевэ Дианэ, уэрэджыIакIуэхэмрэ дирижёрхэмрэ щагъэхьэзыр къудамэм и етIуанэ курсым щIэс Черемных Наталье, университетым тхыдэмкIэ, филологиемкIэ, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щIэсхэу КъунашЛанэрэ МокъуэЛаурэрэ.

Кавказым ис лъэпкъэм нарт эпосыр я щэнхабзэм щыщ зэрыхъуам, нарт щIным, лIыгъэм, хагъэгъэм теухуа, щIыналъэм хуаIэ лъагъунигъэр кьызыхэщ лжьыгъэхэр утыку кьыщрахьащ конференцым. ЩIэныгъэр зи лъабжьэу екIуэкIа зэIущIэм дызыщымыгъуазэ куэди щыжаIащ.

КЪУНАШЛанэ, МОКЪУЭ Лаурэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щыпрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленриным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр зэхуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 2.139
Заказ №224